ISBN 978-9943-346-65-9
9 789943 346659

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»

ӘБДИСАЙЫТ ПАХРАТДИНОВ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ ТАРИЙХЫНЫҢ МӘСЕЛЕЛЕРИ

ӘБДИСАЙЫТ ПАХРАТДИНОВ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ ТАРИЙХЫНЫҢ МӘСЕЛЕЛЕРИ

*(Методикалық қолланба)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2010

**Ә.ПАХРАТДИНОВ.** «ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ ТАРИЙХЫНЫҢ МӘСЕЛЕЛЕРИ» (Методикалық қолланба) Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 48 бет.

ХХ әсирдиң 90-жылларында елимизде ғәрезсизлик самалының есиўи, бизиң илимпазларымыздың дөретиўшилик өмирлеринде үлкен жаңалықлар келтирип шығарды. Өткен халық тарийхын, оның тилин, әдебиятын, мәдениятын қайта қарап шығарыўға мүмкиншиликлер тапты. Усылардың ең пидайыларының бири профессор Әбдисайыт Пахратдинов көп жыллардан берли миллий қарақалпақ әдебиятының сағаларын орта әсирлерден баслаў кереклиги жөнинде баспа сөзлерде көп пикирлер билдирди. Сол пикирлерин бүгин китап етип таярлады. Бул улыўма орта билим беретуғын мектеплер, лицей, колледжлер, жоқары оқыў орынлары ушын сөзсиз үлкен методикалық қолланба ўазыйпасын атқарады.

*Пикир билдириўшилер:*

| | |
|---|---|
| **Қурбанбаев.К.** | — *Филология илимлериниң докторы, профессор.* |
| **Алламбергенов.К.** | — *Филология илимлериниң докторы, профессор.* |
| **Қазақбаев.С.** | — *Филология илимлериниң кандидаты, доцент.* |
| **Юсупов.К.** | — *Филология илимлериниң кандидаты.* |

**ISBN—978-9943-346-65-9**

**© «Қарақалпақстан» баспасы—2010**

## ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНЫҢ САҒАЛАРЫ*

Қарақалпақлар Орайлық Азиядағы Хорезм цивилизациясында жасаған әййемги халықлардан бири болып есапланады. Олардың ата-бабалары бизиң эрамызға дейинги V әсирлерде Арал, Әмиўдәрья бойларында жасаған Сак ҳәм Массагет қәўимлери болған. Олар IX-XII әсирлерде Қубла Арал бойларында халық болып қәлиплескен. Өз мәмлекетшилигине ийе болды. Ҳәттеки, гейпара шет ел тарийхшыларының дереклеринде қарақалпақлар V-VI әсирлерде өз мәмлекетшилигине ийе болған VIII-X әсирлерде-ақ халық болып қәлиплескен деген мағлыўматлар бар[1].

Қарақалпақлар Хорезм мәмлекети менен экономикалық ҳәм сиясий байланыста жасаған. Егер қарақалпақлар XI-XII әсирлерде халық болып қәлиплескен болса, әлбетте нызамлы рәўиште Қарақалпақлардың жәмийетлик тарийхы ҳәм жазба әдебиятының тарийхы усы дәўирлерден басланады. Себеби, дүньялық мәденияттa қандай халық болмасын, миллий жазба әдебиятының дәслепки дереклери, сағалары олардың қәўимлик, урыўлық процесстен халықлық процесске өтиўи менен басланады делинген. Сол себепли миллий қарақалпақ жазба әдебиятының дәслепки сағалары XI-XII әсирлерде салынған. Қарақалпақлар Хорезмди өз жерим, өз елим деп мақтаныш етеди. Ол ҳаққында қарақалпақларда көплеген әпсаналар бар. Мәселен: «Хорезм ҳаққында легенда», «360 әўлия ҳаққында легенда», «Хорезм ҳаққында ертеклер», «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында» ертеклер, термелер, қосықлар, жырлар бар. Қаншадан қанша халық дәстанларында мәселен: «Қырық қыз», «Едиге», «Мәспатша» ҳәм басқа да көплеген дәстанларында жырланады. Классик әдебиятта да: Әжинияз шайыр:

> Жайлаўым Үргениш, арқасы теңиз,
> Жаўырны қақпақтай маллары семиз —деп жырлайды.

Бердақ шайыр:

> Түркистан, Хорезм мәканым мениң,
> Бес қала теңиздиң етеги елим! — деп мақтаныш етеди.

---

*Мақала ф.и.д. К.Алламбергенов пенен биргеликте жазылған.
[1]Куртер З. «Қарақалпақ түрклери». 127-222-бетлер.

Дүнья халықлары қарақалпақлар жерин «Арқа Хорезм» ямаса, «Хорезмдеги бес қала» деп те атайды. Улыўма дүнья халықлары қарақалпақлар жерин, қарақалпақлар елин Хорезмнен бөлип алып қарамайды. Қарақалпақлар ели әййемнен Хорезм цивилизациясының бөлинбес бир бөлеги болып есапланады.

Хәзирги Қарақалпақстан Республикасы жайласып турған жердеги бурынғы арқа Хорезм деп аталған бизиң эрамызға шекемги хәм бизиң эрамыздағы оның экономикалық хәм географиялық картасына бир көз жиберейик: Хорезм цивилизациясының хәмме ўақытларда бөлинбес бир бөлеги болып есапланып келген Арқа Хорезмде, яғный тек қарақалпақлар жеринде қаншадан-қанша илим, пән хәм мәдeният орайлары бар екенлигин көресең! Мәселен, Үргениш, Адақ қала, Кердер қала, Хорезмниң әййемги пайтахты Топырақ қала, айрым хүжжетлерде айтылыўынша, қарақалпақ жеринде дәслепки Маъмун Академиясы биринши рет, ең дәслеп усы Топырақ қалада ашылған. Қыят-Қәнт қала, Аяз қала, Қырық қыз қала, Гүлдирсин, Думан қала басқа да усындай мәденият орайлары қарақалпақ жеринде жайласқан. Әййемги Орта әсирлердеги бул Қубла Арал бойындағы жайласқан, хәзир хәммени хайран қалдыратуғын тарийхый естеликлер болып, қалған орынлар қарақалпақлардың әййемнен Хорезм цивилизациясының тийкарын қураған халықлардан екенликлерин дәлиллеп турады. Булар, хәтте, Түркий халықлардың хәммесинен бурын қарақалпақлар ерте дәўирлерден баслап-ақ саўатлы, билимдан хәм мәдениятлы халықлардан болғанлығы бийкарлап болмаслық тарийхый фактлер болып есапланады.

Қарақалпақлар Орта әсирлерде-ақ Арал әтирапында, Үстиртте, Зарафшан далалықларында, Жаңадәрья, Қуўан дәрья, Түркистан, Уллытаў, Едил, Жайық далаларында жасаған. Қарақалпақлар орта әсирге шекем Улыўма Түркий халықларға ортақ болған жазба мәдениятқа ийе болған, әсиресе бул аўыз еки әдебиятына да жүдә бай халық.

Ертек, нақыл-мақаллардан баслап ири «Қырық қыз», «Едиге», «Ер Шора», «Алпамыс», «Мәспатша» усаған бир неше дәстанларға ийе халық. Қарақалпақлардың аўыз еки әдебиятының байлығы, фольклорлық, дәстанлық шығармаларының көплиги себепли орта әсирдиң басынан баслап Түркий халықлардың ишинде тек қарақалпақларда ғана Бухара, Зарафшан хәм Булынғырда халық бақсы, жыраўларының мектеплери ашылып, узақ әсирлер өмир сүрген. Усы қарақалпақлар аймағында қарақалпақ халқының үлкен энциклопедист алым-шайырлары пайда болады. Қарақалпақ миллий жазба әдебиятының тийкарларын салады.



Буннан биз, әлбетте, Қарақалпақ миллий жазба әдебиятының тийкарғы дереклериниң бири миллий фольклордан басланғанлығын бийкарламаймыз.

1. Қарақалпақ жеринде энциклопедист алым шайырға мәселен, 973-жылы Қыят қаласының әтирапында туўылған энциклопедист алым-шайыр **Әбиў-Райхан әл-Беруний** киреди. Берунийдиң «Мухтар ул-ашар» таңламалы қосықлар топламы, «Өтмиш әўлалардан қалған естеликлер» китабы дүньялық мәдениятта көркем шығарма деп есапланады. Илим ол дәўирлерде хәзиргидей болып анық тараўларға бөлинбеген. Мәселен, мәдeният хәм тәбийий деп ғана бөлинген. Мәдeният дегенде оған тарийх та, философия да, эстетика да, тил илими де, көркем өнер де, көркем әдебият та кирген. Энциклопедист алымлар мәдениятттан тысқары тәбийий пәнлерди де жетик билген. Соның ушын олар шайыр да, тарийхшы да, физик те, биолог та, астроном да болған. Сол себепли олар энциклопедист алымлар деп аталған. Сол себепли әл-Беруний бизиң елимиздеги, халқымыздағы, бизиң жеримиздеги — қарақалпақ жериндеги жазба әдебияттың тийкарын салған деп таныймыз.

2. IX-XI әсирлерде Түркистанда **Хожа Ахмад Яссаўий** туўылады. Тарийхый мағлыўматларда ол 1036-жылы яки болмаса 1103-жылы туўылды деп те жүритиледи. Ол өз заманында жүдә көп қосықлар топламларына ийе болған. Әсиресе мусылман дүньясына ең көп тарқалған мийнети «Деваний хикмет». Ол басқа Европа халықларынада кең таралған. Хожа Ахмад Яссаўийди бизиң қарақалпақ халқы «ол қарақалпақ хәм Мәнжиўли урыўынан» деп хүрмет етеди.

Хожа Ахмад Яссаўийдиң шығармаларындағы инсаныйлық қәбилетлердиң тәсири бизиң классик шайырларымыз болған Әжинияз хәм Бердақ шайырлардың дөретиўшилигинде айрықша сезиледи.

3. **Ахмед Югнакий.** Ол XII әсирде Түркистанда Югнак атлы қарақалпақ аўылында дүньяға келеди. Ол да Орта әсирде жасап, жүдә көп қосықлар топламына ийе хәм «Хақыйқатлар сыйлығы» атлы китабы менен пүткил дүньяға белгили.

4. **Сулайман Бақырғаный.** Ол халқымызда «Әўлие ата» деген атпенен белгили. XII әсир Қоңырат қаласына жақын жердеги Бақырған деген аўылда туўылған. Бул адам Хожа-Ахмад Яссаўийдиң ең садық шәкиртлеринен бири болған. Елде Хожа-Ахмад Яссаўий хикметлерин кең үгитлеген алым шайырлардан бири. Елде оны әўлия болған адам деп хүрметлейди. Ол Тассаўыф илимин-адамзатты пәкликке үйретиў илимин раўажландырған алым, шайыр адам болған.

Қарақалпақлар оның туўылғанлығының 800 жыллығын кең белгиледи.

5. **Хорезмий.** Ол XIV әсирдиң басларында Хорезмниң Қыят қаласында туўылған. Хорезмде көплеген шығармалар жазған. Пүткил дүньяға белгили «Мухаббатнама» китабының авторы.

6. **Хайдар Хорезмий.** Ол XIV әсирдиң ақыры XV әсирдиң басларында Хорезмниң Қыят қаласында туўылған ҳәм өмириниң ақырына шекем Хорезмде жасаған.

7. **Молла Шайдайый.** Ол XVI әсирдиң басларында қарақалпақ аймағының Қумөзек деген жеринде,—ҳәзирги ийшан қала әтирапында туўылған. Жүдә көп лирикалық ҳәм дәстанлық шығармалардың авторы.

Мине, бул энциклопедист алым шайырлардың барлығыда қарақалпақ жеринде туўылған. Тарийхта қандай илимпаз, қандай шайыр болса да қайсы жерде туўылса, қайсы жердиң нанын жесе, жырын жырласа, қосығын айтса, оның миллетиниң ким болыўына қарамастан, олар сол туўылған, жасаған жериниң, биринши нәўбетте сол елдиң, сол халықтың адамы. Соның ушын да, бизлер жазба әдебияттың Орта әсирлерде тийкарын салған адамларды қарақалпақ жериниң инсаны, қарақалпақ жазба әдебиятының тийкарын салған адамлар деп таныймыз.

Бирақ сол әсирде бизиң жеримизде жасап, дөретиўшилик пенен мийнет еткен алымларымыз, шайырларымыз өзлериниң билимданлығы, шайырлығы менен барлық түркий халықларға орта идеяларды, илимий концепцияларды жаратқанлығы себепли, Орта әсирлердеги олар дөреткен мийнетлер бир халықтың шегарасынан шығып, улыўма халықлық, улыўма дүньялық байлыққа айланған. Биринши нәўбетте, олардың мийнетлери Түркий халықларына ортақ мүлкке айланып қалған. Олар өзлериниң дәслепки шығармаларын өз жеринде, өзлериниң дәслепки Ўатаны болған қарақалпақ жеринде баслаған. Олардың қарақалпақ жеринен, қарақалпақлардан шыққанлығын тарийх бийкарламайды. Және де булар дөреткен шығармаларды да тарийх бийкарламайды. Олар дөреткен шығармалар өзлериниң мазмунлылығы, көркемлиги, интернационаллығы менен улыўма түркий халықларға ортақ мийрас болып та есапланады. Булар тек шайырлар ғана емес, ал олар XI-XV әсирлерде жасап илим, пән, мәденияткa үлкен үлес қосқан алымлар болып та есапланады. Сол себепли де оларды IX-X-XI-XII әсирлердеги ҳәзирги қарақалпақлар аймағында халық болып қәлиплескен қарақалпақ халқының миллий жазба әдебиятының тийкарын салған шайырлар деп есаплап, қарақалпақ жазба әдебиятының сағаларын усы әдебият, усы бай мәденияттан баслаймыз.

*«Еркин Қарақалпақстан» газ. 13-январь 2009-ж. №6 (18688)*



## ТАРИЙХ БИЗИҢ ТӘҒДИРИМИЗДИҢ АЙНАСЫ

Жақын еки-үш жылдың ишинде бизиң халқымыздың үлкен алымлары (академик С. Камалов, Ж.Базарбаев, Т. Б. Ешанов, профессор А. Пахратдиновлар) тәрепинен қарақалпақлардың Орайлық Азияда ең әййемги халықлардан болғанлығын, олардың Орта әсирлердиң басларында-ақ, IX-XI әсирлерде халықлық процесске жеткенлигин, саўатлы, мәдениятлы еллерден болғанлығы, ҳәтте Түслик Арал бойларының экологиялық машқалалары ҳаққында әжайып илимий мийнетлери, мақалалары газета ҳәм журнал бетлеринде жәрияланып киятыр. Биринши гезекте биз алымларымыздың бундай әҳмийетли пикирлерин түсинип жәриялаған «Хабаршы» журналы, «Еркин Қарақалпақстан», «Устаз жолы», «Қарақалпақстан жаслары» газеталары хызметкерлерине миннетдарлығымызды билдиремиз. Себеби алымларымыздың бундай ең әҳмийетли илимий пикирлерин толық жәриялап барыўы бул баспа сөз хызметкерлериниң саўатлылығын, ғәрезсизлик дәўирдиң руўхын, миллий идеология талапларын толық түсинип ислеп атырғанлықларынан дерек береди.

Әсиресе, усылардың ишинде академик С. Камаловтың Қарақалпақлардың XI-XII әсирлерде-ақ халықлық процесске жетиўи ҳаққындағы илимий концепциясы тарийх, тил, әдебият таныў илиминиң буннан былай кең раўажланыўына жоллар ашып берген мийнет болады. Себеби тарийх бул бизиң тәғдиримиз. Егер XI-XII әсирлерде қарақалпақлар халықлық процесске жеткен болса, онда ол халықтың әлбетте өзиниң ылайықлы тарийхы бар, тили бар, әдебияты бар, көркем өнер, мәденияты бар халықлардан болғанлығын көрсетеди. Себеби, дүньялық мәдениятта қайсы халықтың болмасын оның қәўимлик, урыўлық процесстен халықлық процесске өтиўи ол халықтың жазба әдебиятының биринши дереги болып есапланады делинген. Демек, олай болса, бизиң халқымыздың жазба әдебияты XI-XII әсирлерден басланады. Және де халық тарийхы оның жазба мәдениятысыз жасай алмайды. Академик С.Камалаов та «IX-X әсирлер қарақалпақлардың халықлық процесске жетиўинде шешиўши әсир болады» делинген.

Бул жақын жыллар ишиндеги тарийх әлеминдеги пайда болған жаңалықлар биз әдебиятшы алымларды әдебиятымыздың дәслепки дереклери хаққында ойланыўға, излениўге, оларды узақ изертлеўге мәжбүрледи. Биз сондай жуўмаққа келемиз IX-XV әсирлерде қара-

калпақ жеринде, қарақалпақлар елинде туўылып, дөретиўшилик жақтан хызмет еткен, соң өзлериниң дөретиўшилик қудиретлиликлери менен хәмме Түркий халықлар әдебияты шайырлары ўәкиллери дәрежесине жетискен аль Беруний да, Хорезмийде Қыят каласында туўылған, Ҳайдар Хорезмий Қыят каласында туўылған, Ахмад Югнакий Сығнақ-Юнакта туўылған, Хожа-Ахмат Яссаўий Түркстанда туўылған, Сулайман Бақырғаный Қоныратта туўылған, Молла Шайдайый Қумөзекте туўылған, Орта әсирлердеги қарақалпақ жазба әдебиятынын дәслепки дереклерин салған шайырларымыз деген жуўмаққа келемиз.

Себеби, шайыр ең әўели өз жеринин, өз аўылынын, өз досларының шайыры. Ол ең әўели өз жәмийетинин шайыры. Өз жәмийетине шайыр деп танылғаннан соң барып, онын таланты, оның хаўазы көпшиликке, елге, халыққа таныла баслайды. Өз елинде, өз халқында ол талантлы шайыр сыпатында танылғаннан кейин, ол өз шығармаларының мазмунлылығы, онын көркем сөзге шеберлиги, интернационаллық руўхы менен басқа халықларға таныла баслайды. Және де ол хәмме халықлардын әрманын тендей жырлайтуғын шайырға айланыўы мүмкин.

Орта әсирлерде усындай қарақалпақлар жеринен, қарақалпақ елинен шыққан талантлы Беруни, Ҳайдар Хорезмий, Хорезмийлер, Хожа-Ахмад Яссаўий, Югнакий, Сулайман Бақырғаныйлер бирден улыўма Түркий халықлардын дөретиўши хызметкерлери болып шыға қалған жоқ. Олар ең әўели өз жеринин, өз елиниң шайырлары болып танылғаннан кейин барып, олардың улыўма Түркий халықларға ортақ болған әрманларын жырлайтуғын, улыўма түркий халықларға ортақ болған көркем сөз усталары болып танылады. Хәмме Түркий халықларға ортақ илим, пән, әдебият, мәденияттың ийелери болып жетисти. Бәрше Түркий халықлар шайырларының устазы болып та қалды.

Булардың және бир бундай айрықша талантлылыққа ийе болыўларынын себеплери, олар тийкарғы қарақалпақлар жасаған Хорезм цивилизациясынын ошағында туўылып өсти. Усы мәканда, усы орталықта жасады. Дөретиўшилик пенен шуғылланды. Әлбетте саўатлылық, раўажланған илим, тәбийий орталықлар олардын талантынын хәдден тысқары раўажланыўына себеп болады.

Гейпаралар биз, қарақалпақлар. Орайлық Азиядағы әййемги халықлардан болсақ, нешше әсирлер турақлы түрде Хорезм цивилизациясында жасаған болсақ, бизиң халқымыздын әййемнен экономика-географиялық хәм этнографиялық жайласыў карталары бойынша да Туран, Түркстан, Мауараунназр жерлери қарақалпақлардын турақлы жайласқан орынлары болса, бул мәканларда жасаған халықлардын



дүнья халықлары билимдан, мәдениятлы еллер, халықлар деп мойынласа, онда неге усы ўақытларға шекем бул билимданлық, бул мәдениятлылық хаққында айтылмай, хәтте, үйренилмей келди?—деген саўалды нызамлы рәўиште сорайды. Әлбетте, бул тарийхый тәғдирлердиң жабылып келиўине қызыл коммунистлик империялық зулымлықлардын ақыбетлери болғанлықлары сөзсиз. Бундай зулымлықты, аўыр азаплы, қайғылы колониялық азапты хәм хорланыўларды тек қарақалпақ халқы ғана емес, ал Туран, Түркстан, Мауараунназр жерлериндеги жасаўшы халықлар тарийхта талай мәртебе көрген. Бул зулымлықлардың ең соңы XX әсирдеги қызыл империялық зулымлық пенен тамам болды.

Ҳеш жасыратуғыны жоқ қызыл империя бул дәстүрге айланған саўатлы елдеги халықларды, соның ишинде қарақалпақлардың да өзлеринин мәдениятсызлықлары менен адамларды азаплаў хәм қорлаў сиясатына тийкарланған жаўызлықлары менен басқарыўлары мүмкин емес еди. Оны өзлериде билди. Сол ушын ең алдын бурын қарақалпақлардың биринши гезекте саўатлы адамларын, тәжирийбели ел басшыларын узақ Сибирь, Камчатка қамаққаналарында қырды. Және де нешше әсирлер елди саўатландырып турған мешит, медреселерин қыйратты. Жазба тарийхын жоқ етти. Бул жерлерде нешше әсирлеп қәлиплескен динди, ел, халық үрп-әдетлерин, ел дәстүрлерин жоқ қылды. Жас әўладты, былайынша айтқанда, олар жаңа әўладларды тәрбиялаўға киристи. Сөйтип, оларға сенин ата-бабаларың саўатсыз болған. Оларда 00,2 процент ғана саўатлылық болған. Совет хүкимети болмағанда жоқ болыўға келген халықсызлар. Сизлерди адам еткен, халық еткен «Коммунистлер партиясы» деп халықтын қулағына қуйды. Ол, олма? Қызыл империя заманында XX ланшы әсир даўамында пүткил халық репрессия қурбаны болып жасады. Соның ушында XXI әсирде жазылған «Кеңес хүкиметинин тарийхы-бул репрессиялар тарийхы» —деп жазды[1]. Әлбетте бул XX әсирдеги болып өткен тарийхый трагедияны хәзирги жасларға исенимли хәм жетерли дәрежеде түсиндириў зәрүр, болады. Онысыз бизиң жасларымыз бул ғәрезсизлик дәўиримиздин қолға киргизген жемислерин жеткиликли түсине алмаўы мүмкин. Бул тарийх келеси әўладларға да бир ертектей түйилиўи мүмкин.

[1]«Қарақалпақлардын жаңа тарийхы». «Қарақалпақстан XIX әсирдин екинши ярымынан XXI әсирге шекем». «Қарақалпақстан», Нөкис. 2003ж. 6-бет.

Усы болып өткен қызыл империя зулымлығы өзлери жасап турған хәмме дәўирлерде елде халықты қатты қадағалап бас көтертпей турды. Болмаса қарақалпақлардын Орайлық Азияда Түркий халықлардың ишинде әййемги халықлардан екенлигин, оның өзлеринин бай тарийхы, тили, әдебияты, көркем өнери, мәдениять бар үлкен дәстүрлерге ийе халықлардан екенликлерин дәлиллегенлер болады. Бул хаққында ҳақыйқатлықларды айтқан Аллаяр Досназаровты, Қасым Әўезовты «халық душпанлары» деп атып тасланды. Бир қатар кемшиликлери болса да қарақалпақ миллий жазба әдебияты, белгили шөлкемлескен дөретиўшилик мектеплер менен раўажланып келгенликлерин дәлиллеген азаматлар да болды. Мәселен, С. Бекмуратовтың «Қарақалпақ әдебиятының мектеби кимнин айналасында болады» деген мәселеге, Х. Сейитовтың «Қарақалпақ әдебиятының мектеби Бердақтың айналасында болады» деген мәселелер гәп болды[1].

Бул дәўирлерде жоқары оқыў орынларында, мектеплерде қарақалпақ классик әдебияты шын мәнисиндеги жазба әдебият емес, ол ярым фольклорлық я фольклорлық характерге ийе деп үйрениў хәм изертлеўлер себепли илимпазларымыздың 1958-59-жыллары «Әмиўдәрья» журналының бетлеринде «Классик әдебият жазба характерге ийе ме, ийе емес пе?»-деген мәселеде талқылаў жәрияланып жүрген жыллары болды. Бул машқалаларды ол жылларда раўажландырыў мүмкин емес еди. Себеби, орта мектеплерде ҳәм жоқары оқыў орынларында классик әдебият толық жазба әдебиятлық характерге ийе емес, ал ярым фольклорлық характердеги шығармалар деп үйренилетуғын еди. Оның үстине ХХ әсир әдебиятының еркин раўажланыўына мүмкиншиликлер жоқ болды. Ҳәтте оның ири ўәкиллери 40-50-жыллары үлкен қуўдалаўларға ушырады. ХХ әсирде еле қандай тоталитарлық жәмийет хүкимдарлық қылса да қарақалпақлардың саўатлы хәм мәдениятлы халық болғанлықларын олардың кеўиллеринен биротала өшире алмады. Қарақалпақлардың ата-бабалары басынан кеширген тарийхый тағдирлер умытылыўы мүмкин емес еди.

Қарақалпақлар әййемнен үлкен жазба мәдения ийеси болған халық екенлигин дәлиллеў мақсетинде бизиң үлкен алымларымыз 1960-70-жыллардың ишинде де бир нешше мәртебе хәрекет етип көрди.

[1]«Қызыл Қарақалпақстан» газ. 10-февраль 1948-ж 28 (4734).
«Қызыл Қарақалпақстан» газ. 14-май 1948-ж 94 (4770).



Мәселен, М. Нурмухамедов «Қарақалпақ жазба әдебиятының дәўири хаққында»[1], И.Сағыйтов «Әдебият тарийхын қайсы дәўирлерден баслаў керек»[2] деген мәселелерди ортаға қойған ўақытлары болды.

Ал, 1980-жылларда қарақалпақлар өз алдына әййемги халықлардан, әйемнен өз жазба әдебиятына ийе халықлардан деп есаплайман, ал XIV-XVI әсирлерде қарақалпақ әдебияты түркий халықлар әдебиятынан келип шыққан әдебият[3]—деп шамалаўлар айтқан да алымлар болды. Бул пикирлер миллий әдебият, мәдениат майданында бираз ойландырарлық пикирлер еди.

Қарақалпақлар әдебияты тарийхында жәнe бир тарийхшы, әдебиятшы илимпазлар менен ойласып шешиўге тийисли әхмийетли машқала бар. Олар болса, қарақалпақ аўыз еки әдебиятындағы үлкен Қорқыт Ата, Жийренше шешен усаған фолклорлық типлерди шайыр деп қабыл етиў, екиншиси, XIV-XVII әсирлерде қарақалпақ жазба әдебиятының раўажланыўларын усы әсирдеги халық жыраўларына байланыстырып қараў мәселелери бар. Бул машқалалардың шешилиўи әлбетте пүтин бир халықлық әдебият тарийхының дүзилиўине алып келеди. Бирақ бул мәселелер әдиллик пенен шешилиўди талап етеди.

Жуўмақлап айтқанда, бизиң хәзирги ғәрезсизлик заманымыз өткендеги халық тарийхының ҳәм оның әдебияты менен мәдениятының әжайып сырларын ашып бериўге мүмкиншиликлер бар дәўирлер.

*«Қарақалпақстан жаслары» газ.*
*14-август 2004-жыл № 33 (7270).*

## ОРАЙЛЫҚ АЗИЯДА ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ӘЙИЕМНЕН САЎАТЛЫ БИЛИМДАН ҲӘМ МӘДЕНИЯТЛЫ ХАЛЫҚ БОЛҒАН

ХХ әсирдиң 90-жылларына келип елимизде ғәрезсизлик самалының есиўи 70 жылдан аслам Қызыл империяның кемситиўлеринен бизлерди буротала қутқарды.

Қызыл империя заманында бизлерге олар «Сизлердиң ата-бабаларыңыз саўатсыз, билимсиз, мәдениятсыз болған. Олар XVI әсирдиң ақырларында ғана-зорға халықлық дәрежеге жеткен. Сизлерди улыўма

[1] «Әмиўдәрья» журн. 1968-жыл №6.
[2] «Әмиўдәрья» журн. 1968-жыл №11.
[3] К.Мәмбетов. «Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты», «Билим» баспасы 1992-жыл.

халық еткен «Октябрь революциясы» деген сүренлер хәмме жерде қайта-қайта үлкен минберлерден айтылып турғанда, хәтте илимий мийнетлерде усылай жазылып турғанда, хәзирги биз кексе әўлалларды бир нәрсе қатты ойландыратуғын еди.

Биринshiден, бизлер қарақалпақлар, әййемнен Хорезм цивилизациясында жасап келген халықбыз.

Екинshiден, нешше мың жыллар түркий халықлар менен бирге илим пән, әдебияты, мәденияты бар халықлардан болып есапланамыз. Ал сонда бизлер олардың өзлеринен неге кем болады екенбиз?-деп ойланатуғын едик. Биз олар менен үлкен тарийхты актарысып қарасатуғын дәўирлерге ол жылларда жүдә мүтәж едик.

XX әсирдиң 20-жылларынан баслап олар елдеги саўатлы зиялыларды хуқықсыз деп жәриялады. Оларға өз ана топырағында жеринен, суўынан, мәмлекет мүликлеринен пайдаланыўға тыйым салынды. Халықтың илим орайлары болған мешит, медреселер бузылды. Халықтың, елдиң руўхый азығы болған барлық араб альфавити менен жазылған илим, пән, тарийх, әдебият, мәдeният байлықлары елден жыйнап алынды. Өртелди. Кимниң үйинде араб альфавити менен жазылған бир бет қағаз табылса, ол «Қырық қыз» дәстаны ма, «Алпамыс»па, Әжинияз, Бердақ шайырлардың қол жазбалары ма ол халық душпаны деп дағазаланды. Халық өз ата-бабаларынан қалған бул миллий жазба мүлклерин саклаўға қорқып өзлери көмип, өртеп жоқ қылыўға мәжбүр болды.

1930-жыллардан баслап елдеги бурын ел басқарған тәжирийбели адамлдар: бай, бий, молла, ийшан, ахун, уламаларды қамап узақ Сибирь Тайгаларында, Камчатка қамақханаларыыыыыыыыыында қырды. Ҳәзирги 2003-жылы шыққан «Қарақалпақстаннын жаңа тарийхына» бир қараңыз? Онда: «1917-1922-жыллардан 1989-жылларға шекем халық бир нешше мәртебе аўыр репрессияға ушырады.... Кеңес хүкиметиниң тарийхы, бул репрессиялар тарийхы болды!»—деп көрсетилген[1]. Бирақ халық бул зорабанлық жылларда да халықлығын, миллийлигин саклап қалды. Қарақалпақлар әййем заманлардан киятырған мәрт халықлардың әўладлары екенликлерин көрсетти. Булар қуры айтылған гәплер болмаўы ушын биз өткен тарийхымызға бир нәзер салайық:

Улыўма Орта Азия адамзат тарийхында ең әййемги бесиклерден бири болған жер. Эрамыздан бурынғы биринши мың жыллықлар орталарында Орта Азиянын экономикалық, географиялық карталарында Туран, Түркистан, Мауарауннахр жерлери, Әмиўдәрьяның Аралға қуяр сағалары, Зарафшан далалықлары менен Ферғана ойпатлықларын да өз ишине алатуғын еди. Жәнеде бул аймакларда Бактрия, Хорезм, Согдиана, Маргиана, Парфия патшалықлары өзлериниң уллылықлары хәм кудиретлиликлери менен дүньяға белгили еди[1]. Әсиресе усы патшалықлардың ишинде Хорезм патшалығы әййем заманлардан-ақ дүньяға илим, пән хәм мәденияты менен даңықлы болды. Бул жерлер тарийхта, Әййемги дүнья тарийхында дүньялық илим, пән, мәдeният тарийхында Хорезм цивилизациясы деген ат пенен қалды. Дүньяда дәслепки илим, мәдeният ошақларынан жәнеде хәмме тараўдағы илим дүньясын басқарыўшылардан бири болды. Сол себепли дүнья саяхатшылары Орта Азияға саяхатқа шыққанда я Әййемги Хорезм деп, болмаса 360 Аўлия Ўатаны деп шықты. Бул жерде буннан нешше мың жыллар бурын дүньяда екинши болып Маъмун Академиясы шөлкемлестирилди.

Хорезм цивилизациясының тарийхын пүткил дүнья халықларының ядына салыў ушын ЮНЕСКО 2004-жылы Маъмун Академиясының 1000 жыллығын салтанатлы белгилеп өтиўге қарар шығарды.

Маъмун Академиясы биринши мәртебе Хорезм цивилизациясының дәслепки орайында Топырақ қалада ашылған. Соның ушында Хорезмниң бай тарийхы С. П. Толстов басшылығындағы Хорезм экспедициясының материалларында[2] хәм С. П. Толстовтың өзиниң мәмлекетлик сыйлықққа ийе болған «Древний Хорезм» (1948-ж) хәм «По следам Хорезмской цивилизаций» (1948-ж) деп аталған мийнетлеринде де жәнеде әййемги Хорезм хаққында пүткил дүньядағы басқа да көп илимпазлардың мысалы, Геродот, Мусрин, Истахрий, М.Е.Массон, А.Ю, Янубовский, Я, Гуламов хәм Шишкин мийнетлеринде де көп айтылады. Ал, Әййемги Хорезм хаққында С.П. Толстов «Әййемги Хорезм» деген мийнетинде: «Боспор» хәм Иберии, Армения хәм Парфия, Конго-Хорезм хәм Индисков империясын құраған әййемги үлкен аймақтағы Хорезм жүдә даңқлы болған. Әййемги Хорезм бир ўақытларда Ҳиндстанға, Иранға, бир ўақытларда Европаға, хәтте узақ Сибирьге де тәсирин тийгизди[3] деп жазады.

[1] «Қарақалпақстаннын жаңа тарийхы». «Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем», «Қарақалпақстан», 2003-жыл, 6-бет.



[1] Н.М.Маллаев. «Ўзбек адабиёти тарихи» 1-китоб Ташкент. 1976. 28-29-бетлер.

[2] «Труды Хорезмской археологической экспедиции» 1937-1969 под обшей редакций проф: С.П.Толстова изд. Академии Наук СССР. Г. Москва 1952-по 1970 г.г.

[3] С.П. Толстов. «Древный Хорезм». Опыт Историкоархеологической исследования» изд. МГУ 1948 г стр. 331-334.

Ал, усы кудиретли Хорезмниң әййемнен бүгинги күнге шекемги турақлы халықларының бири қарақалпақлар болды.

Әййемги Хорезм өзиниң илим, пән мәденияты менен пүткил дүньяға, әсиресе, Европаға оларда илим, пән, хәм мәденияттың раўажланыўына күшли тәсир жасайды. Дүнья илимпазларының белгилеўи бойынша шығыс мәденияты, әсиресе шығыс философиясының тәсири Европаға, әсиресе, Испанияға Италия арқалы таралады. Европадағы еллердиң, халықлардың Орта Азия илим, пән, мәдениятына қызығыўшылығы артады. XII-XIII әсирлерде шығыс халықлары алымларының мийнетлерине мүтәжлик күшейди. Сол ушын XIII-XIX әсирлерде шығыс илим, пән, мәденияты тараўындағы жетискенликлерин үйрениў мақсетинде ол еллерде жүдә көп-көп аўдарма мектеплери шөлкемлестириледи. Шығыстың көп илимий жетискенликлери араб тилинен, латын тилине аўдарылады. Әсиресе, Орта әсирдеги Хорезм философиясының жүдә көп мәселелери Европадағы еллерге, халықларға сабақлық сыпатында таралады.

1311-1312-жылларда Вена Соборының қарары менен Парижда, Римде, Оксфорд, Болония университетлеринде шығыс тиллери кафедралары шөлкемлестириледи[1]. Солай етип, Европа халықлары илим, пән, мәдениеттың раўажланыўына Орта әсирдеги Түркий халықлар негиз салады. Әййемги Хорезм цивилизациясы илим, пән, мәдениятының европа илимлериниң раўажланыўына негиз салады. Әййемги Хорезм, әсиресе, Мавереуннахр философиясы Орта әсирде дүньяда усындай үлкен қудиретлерге ийе болады. Усы қудиретли илим, пән, мәдениет ошағында әййемнен жасаған тийкарғы халықлардың бири қарақалпақлар болған.

Бундай Орта әсир Хорезмде илим, пән, мәдениеттың пүткил дүньяға тәсир етерлик дәрежеде раўажланыўлары хақыйқаттан да дүнья халықларын көп жыллар ҳайран қалдырған. Оған ҳайран қалған көп-көп илимпазлар да болған. Олардың көби, әсиресе Европа илимпазлары бул әййемги Хорезмдеги илим, пән, мәдениеттың раўажланыўы бул ол жердеги жасаўшы халықлардың өз мүмкиншиликлеринен дөреген жетискенликлерин емес, ал олар Иран, Араб пән, мәдениятының қоңсы еллерге тәсирлеринде болған қубылыс деп шамалап келди.

Бундай болжаўларды көп жыллар, көп илимпазлар да мақуллап турған ўақытлары болды. Ҳақыйқаттанда Иран, Араблардан көп алдын, хәтте көп әсирлер бурын-ақ Әййемги Хорезм мәденияты ол еллерден

[1] Мулокот. журн 2002 йил №3. Ҳамида Мухсимованын «Фанимизнинг теран илдизи» мақаласын қараңыз 18-бет.



жоқары турады. Орта әсирлерде Хорезм илим, пән, мәдениятының анағурлым жоқары хәм әсирдеги раўажланыўларына Хорезм мәдениятының үлкен тәсирлери себеп болғанлығы көп салыстырмалы изертлеўлерден кейин ғана белгили болады[1]. Әсиресе, Орта Азияны жаўлап алған қызыл империя Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақлардың, қайсы әсирлерде болса да үлкен илим хәм мәдениятқа ерискенлигин билсе де, мойынлағысы келмеди. Улыўма қарақалпақлар тарийхы, мәденияты, олардың Хорезм цивилизациясындағы орнын көргиси келмеди. Сол себепли қарақалпақлар тарийхы хәмме ўақытларда бурмаланып жазылады. XX әсирде қарақалпақ халқы өз халқының шын тарийхын көре алмады. Халықтың тарийхын бизге тарийхшылар XXI әсирде ғана көрсете алды[2].

Егер узақ тарийхқа қарасаң, бул қудиретли әййемги Хорезмде күн көрис жағынан, тили жағынан, бир-биреўлерине жақын болған Массагет, Хорезмийлер, Соғдлар, Парфиялылар хәм басқа да усыларға усаған қәўимлер хәм елатлар жасағанлығын байқайсаң! Мине, усы қәўимлер, елатлар узақ тарийхый раўажланыў дәўирлеринде бир-бирлери менен қосылып бирге жасап, хәзирги Орайлық Азия халықларының ата-бабаларын, солар менен қатар қарақалпақлардың да ата-бабаларын қурады. Сонлықтан да қарақалпақ халқы Орайлық Азиядағы ең ески, әййемги халықлардан бири. Олардың ата-бабалары бизиң эрамызға дейинги V әсирлерде Арал, Әмиўдәрья бойларында жасаған Сақ Массагет қәўимлери болды. Қарақалпақлар халық болып қәлиплескенге шекем бизиң эрамыздың III әсирлеринде Апасиақлар, VII-XI әсирлерде печенеглер деп аталып XI—XII әсирлерде қубла Арал бойларында халық болып қәлиплеседи... өз мәмлекетшилигине ийе болады. Хорезм мәмлекети менен, олардың халықлары менен экономикалық жақтан тығыз байланыста жасайды[3].

Егер қарақалпақлар XI-XII әсирлерде халық болып қәлиплескен болса, әлбетте, нызамлы рәўиште ол халықтың өзиниң тарийхы, әсиресе, миллий тили, миллий жазба әдебияты, көркем өнерлери усы дәўирлерден басланады. Себеби, дүньялық мәдениятта қандай

[1] Археологические и этнографические работы Хорезмской экспедиции 1945-1948 г. под обшей редакций профессора С.П. Толстова АН СССР М. 1952 г. стр 8.

[2] С.Камалов. «Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи хәм оның мәмлекетшилиги тарийхынан». «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем» «Қарақалпақстан» баспасы. 2003-жыл.

[3] «Хабаршы» журн. 1999-жыл №2. Академик С.Камалов. «Қарақалпақ халқының миллий ояныўы хәм Бердақ шығармалары» 81-бет.

миллеттиң болмасын миллий жазба әдебиятының дәслепки дереклери, олардың кәўимлик, урыўлық процесстен халықлық процесске өтиўи менен миллий жазба әдебияты басланады делинеди. Сол себепли Миллий қарақалпақ жазба әдебиятының дәслепки дереклери X-XI-XII әсирлерде-ақ салынған. Қарақалпақлар Хорезмди өз жерим, өз елим деп мақтаныш етип келген. Ол хаққында қарақалпақларда қаншадан-қанша әпсаналар бар. Мәселен: «Хорезм хаққында легенда», «360 әўлия хаққында әпсаналар», «Хорезм хаққында ертеклер», «Ҳаяллар патшалығы» қанша терме толғаўлар, қосықлар, жырлар бар. Қаншадан қанша халық дәстанларында: «Қырық қыз», «Едиге», «Мәспатша», «Алпамыс» хәм т.б көп дәстанлар да жырланады.

XIX әсирде жасаған Әжинияз шайыр:

Жайлаўым Үргениш арқасы теңиз,
Жаўырны қақпақтай маллары семиз,—деп жырласа,

Бердақ шайыр:

Түркистан, Хорезм мәканым мениң
Бес қала теңиздиң әтирапы елим!—деп мақтаныш етеди.

Дүнья халықлары тарийхында қарақалпақлар жерин «Арқа Хорезм» деп те, «Хорезмдеги бес қала» деп те атайды. Улыўма дүнья халықлары қарақалпақ жерин, қарақалпақлар елин Хорезмнен бөлип алып қарамайды. Қарақалпақлар ели Хорезм цивилизациясының бөлинбес бир бөлеги болып есапланады. Бул хаққында мусылман еллеринде кең таралған бир әжайып әпсана гәп бар: Мухаммед пайғамбарымыз дүньяны Ислам хәлифатлығына бойсындырып атырғанда Ҳәзирети Әлий Хорезм елатларының үсти менен басқа еллерге өтип баратырып Әмиўдәрьяның жағасында қоныпты. Ол жер хәзир Дүлдил атлаған деп аталады. Ҳәзирети Әлий түнде таўдың басына шығып жән-жаққа қараса,арқа жақта, узақ-узақларда тап күндизгидей болып жарқырап турған жерлерди көрипти. Ол хайран қалыпты. Дәрхал Муҳаммед пайғамбар менен байланыс жасапты. Оған көрген-билгенлерин айтып берипти. Сонда Мухаммед пайғамбарымыз:—Ол арқа Хорезм деген жер. Ол жерлердиң халқы хәм бай, хәм мәдениятлы еллер, мәдениятлы жерлер. Олар мениң атымды еситип-ақ өзлеринен-өзлери мусылман болып атыр. Ол жер ақыр қыяметке шекем мениң мөлдегим болып қалады!—депти.

Бул әпсана. Бирақ бул әпсанада Арқа Хорезмде жасап атырған Қарақалпақстан Республикасы жайласқан жердеги бурынғы Арқа Хорезм деп аталған бизиң эрамызға дейинги хәм бизиң эрамыздағы



оның экономикалық хәм этнографиялық картасы көз алдымызға келеди: Әййемги Хорезм аймағында илим, пән, әдебият, мәдениятттың қандай жетискенликлери пайда болған болса, әлбетте сол Хорезм цивилизациясының бөлинбес бир бөлеги болған Арқа Хорезм деп аталған қарақалпақ жеринде де қаншадан-қанша сол ўақытларда илим хәм мәденият орайлары болған.

—Үргениш, Алақ қала, Кердер қала, Хорезмниң дәслепки пайтахты Топырақ қала, ал айрым хүжжетлерде дәслепки Академия,—Маъмун академиясы биринши рет усы Топырақ қалада ашылған, көп жыллар усы жерде өмир сүрген. Қойқырылған қала, Дүньяда биринши Обсерватория усы қалада пайда болған. Қыят қала ямаса Қант қаласы, Гүлдирсин, Қырық қыз қала, Аяз қала, Думан қала хәм т.б усы сыяқлы уллы-уллы қалалар, мәдeнuят ошақлары болып көп илимий, мәденият орайлары жайласқан.

Әййемги хәм Орта әсирдеги бул қубла Арал бойындағы. Қарақалпақлар жериндеги жайласқан, хәзир хәммени таңқалдырыралық тарийхый естеликлер әййемнен қарақалпақлар Хорезм цивилизациясының тийкарын қураған халықлардан екенлигин дәлиллеп турыпты. Булар хәтте Түркий халықлардың хәммесинен бурынырақ қарақалпақлардың ерте дәўирлерден-ақ халықлық дәрежеге жеткенлиги, саўатлы, билимдан хәм мәдениятлы халықлардан болғанлықларын бийкарлап болмаслық тарийхый фактлер болып есапланады.

Ал, усы қарақалпақ жериндеги хәзирги ески тарийхый, мәдений орынлар көрген шет елли мийманларды да таң қалдырады.

Мәселен: 1997-жылы 10-12-сентябрь күнлери Нөкис қаласында Қарақалпақ халқының әййемнен киятырған халықлық дәстаны «Қырық қыз» хәм «Түркий тиллес халықлардың фольклорын изертлеў» мәселелерине арналған халық аралық илимий-теориялық конференция болып өтти. Конференцияға Германиядан, Россиядан, Туркиядан, Кипрден, Әзербайжаннан, Қазақстаннан, Қырғызстаннан хәм т.б. еллерден шет елли мийманлар келди. Конференцияға ООН ның Өзбекстандағы ўәкили қатнасты. Конференция үш секцияда жумыс алып барды. Онда 70 тен аслам баянатлар тыңланды. Көп баянатларды шет елли мийманлар иследи. Баянатларда «Қырық қыз» дәстанының мың жыллықлардан берли халық ишинде жырланып киятырғанлықларына хеш ким гүман туўдыра алмады. Конференцияның ақырында шет елли мийманлар Қарақалпақстан аймағындағы тарийхый орынларға саяхатқа алып шығылды. Мийманларға Тоқ таўы, Топырақ қала, Гүлдирсин қала, «Қырық қыз» қала хәм т. б. да

естеликлер көрсетилди. Бул Қарақалпақстан аймағында әййемнен жатқан қалалар мийманларда үлкен тәсир қалдырды. Олар Топырақ қала ҳаққында халық әпсаналары, халық қосықлары, ертеклерине көп қызықты. Бул сапарда Измир қаласындағы Түрк дүньясын изертлеў институтының директоры профессор Фикрет Түркмен: «Сизиң аймағыңызда жүдә көп тарийхый естеликлер бар екен. Усының өзи бул үлкен тарийх. Бул үлкен байлық. Булар қарақалпақларды Түркий халықлар ишинде әййемги халықлардан екенлигин көрсетеди. Әлбетте ҳәммеге белгили Хорезм цивилизациясы дүньядағы дәслепки илим ҳәм мәдeният ошақларынан бири. Бул мәканда қарақалпақлар да зор тарийхқа, зор мәдениятқа ийе халық болғанлығына ҳеш ким гүманланбайды.

Әлбетте бундай бай мәканларда «Қырық қыздай» уллы дәстанлар дөретилетуғынлығына сөз жоқ. Еле сизиң елде оннан зор, оннанда қызық дәстанлар табылыўы мүмкин»—деп ол өз пикирлерин билдирди.

Түркиядағы Анкара университетиниң алымы доктор Яшан Қайяқалафат Топырақ қаланың үстинде турып өзине өзи: Жолдаслар! Бул мына биз көрип турған қарақалпақ жериндеги жатқан әййемги қалалар, бул бир гөнерип қалған естеликлер емес. Бул жатқанлар тири, жанлы тарийх. Булар бурынғы бул жердеги мәдeният ошақларының орынлары. Бунда үлкен илим, бунда үлкен оригиналь билим хорлары жатыр! Буларды бизлер бүгин өз көзлеримиз бенен көрип ҳайран қалып атырмыз. Биз илимпазлар өз елимизге барыў менен өз илимий жәмийетшилигимизге әжайып тарийх, әжайып мәдениятқа, әдебиятқа, фолклорға ийе қарақалпақ деген халықты көргенлигимизди, бул байлықлар ҳаққында да гәп етемиз!—деп бул жердеги Топырақ қаланың үстинде турған мийманларға йош пенен айтып береди. Буннан кейин тап усындай әжайып гәплерди Әзербайжан, Қырғызстан университетлериниң алымлары да көп айтты[1].

Ҳақыйқаттанда бул мәканларда өз заманында қаншадан-қанша жазба мәдeният болған. Мәселен: Арамий жазыўы, Грек жазыўы, Авесто, Хорезмий, Согда, Кушан, Рун (Орхон-Енисей), уйғыр жазыўлары болған. Усы жазыўлардың тийкарында миллий жазыўлар пайда болған. Булардың барлығы да белгили дәрежеде раўажланған илим жетискенлигисиз жаратылыўы мүмкин емес еди. Сол себептен бул мәканларда математика, геометрия, астрономия, география, геодезия, физика, химия, лингивистика, музыка ҳәм т. б көп илимлердиң тийкарлары салынған.

[1] «Еркин Қарақалпақстан» газ. 5-октябрь 1997-жыл № 120 (6939).



Усы айрықша саўатлылық, билимданлықтан орта әсирлерде Түркий Халықлардың ишинде биринширерден болып қарақалпақлар өз халқының «Шежиресин» жазған халықлардан болады. Бул саўатлылықтан тысқары Түркий қәўимлер ишинде ҳәммелерден бурын халықлық дәрежеге жетисип киятырған халықлар екенлигин көрсетиўши фактлер болып есапланады. Бундай мәселелер ҳаққында буннан бурынлары да баспа сөз бетлеринде бир неше мәртебе гәп болып келди. Солардың биринде мынадай мағлыўматлар бар: «...Халық бар жерде тарийх та бар. Тарийх бар жерде халық та бар. Дәслепки аўызша тараған тарийхымызды жыйнастырып, изертлеп китап етип Шеримге жазған, 902-985-жыллары жасаған қарақалпақ халқының жазба тарийхын IX-X әсирлерден басланған деп айтыўға болады[1]. Қарақалпақлардың жазба тарийхы ҳаққында және бир мағлыўматларда: Актуба бийи қайшылы Турғанбай ийшан араб тилинде қарақалпақ халқының «Шежиресин» (тарийхын) 925-932-жыллары жазып, Туран журтында саяхат жасаўшы Араб елшиси улама алым ибн Фадлайға берип Кабатулладағы мусылман динин қабыл қылған халықлардың «Шежирелери» жазылып турған китапқа қостырған. Бул араб тилинде қарақалпақ халқының өз перзенти қолы менен жазған ең дәслепки «Шежиреси»—тарийхы болған[2].

«Шежире» жазыў бул тек саўатлы уллы еллерге ғана дәстүр болған қубылыс. Сол себепли қарақалпақлар Орта әсирлерден баслап өзлериниң ҳәр бир дәўирлериниң «Шежирелерин» жазып барған халық болған. Егер X әсирге шекем тарийхы Турғанбай ийшан тәрепинен жазылған болса, V әсирден XIX әсирге шекемги тарийхы шайыр Қоразбек Разбек улы, Қутлымурат беглер беги, Бердақ шайыр Ғарғабай уллары тәрепинен жазылса, қарақалпақлардың орта әсирлерден, тап XXI әсирге шекемги изертленген тарийхтың толық варианты академик Сабыр Камалов басқарған қарақалпақ алымлары ҳәм тарийхшылыры тәрепинен жазылып жуўмақланды. Бунда Түркий халықлардың ишинде қарақалпақлар әййем заманлардан саўатлы, билимли ҳәм мәдениятлы халықлардан болғанлығы көрсетилди.

Хорезм әййемги дәўирлерден баслап-ақ ҳәр түрли еллер, халықлар менен экономикалық ҳәм мәдений байланысларда жасаған. Мәселен: Урал, Сибирь, Месопотомия, Вавилон, Мысыр еллери менен экономикалық ҳәм мәдений байланысларда болған. Усы дәўирлер ишинде пүткил дүньяға белгили «Авесто» усаған тарийхый естеликлер

[1] «Еркин Қарақалпақстан» газ. 11-декабрь 1993-жыл. №192-193 (16229). «Шежире сақлаған сыр», Әжайып адам менен сәўбет деген мақаланы қараңыз.
[2] «Еркин Қарақалпақстан» газ. 11-декабырь 1993-жыл №192-193 (16229).

жаратылған. Және де бизиң жеримизде пүткил дүньяға белгили 360 Әўлия бар. Маъмун академиясы болған. Бул мәканларда Қубрайый, Тассаўуф (Қызыл империя заманында буларды суфизм деп атады), илимлеринин ири ўәкиллери Нәжиматдин Қубра, Сулайман Бақырғаный Әўлия Ата, Хожа-Ахмад Яссаўий, Замахшарий, ал Хорезмий, ал Беруни, көпшилик жағдайларда Қыят қаласына, Абу Али ибн Синода келип илимий жумыслар алып барған. Сонда биз қарақалпақлар қалай тийкарсыз, саўатсыз, мәдениятсыз халықлардың әўладлары боламыз.

Усы Хорезм цивилизациясы дәўирлеринде Орта Азия халықлары менен қарақалпақлардың ең әййемги естеликлери салынады. Аўызеки жазба естеликлер, тарийхый китаплар, илимий мийнетлер, жазба естеликлер ҳәм басқалар бар. Бул фактлер бизден де алдын Антик тарийхшылардан: Геродот, Ктезий, Харес Митиленский, Орта әсирдеги тарийхшылардан: Ҳамза Испиханий, Беруни, Табарий мийнетлеринде де баян етиледи. Миф ҳәм әпсаналар, Томарис усаған қаҳарманлық эпослар, қосықлар көп санда лирикалық қосықлар, жазба естеликлер: «Авесто», «Архон Енисей», «Беҳуестун», «Бундахиший», «Динкард» естеликлери салынады[1].

Қарақалпақлар Орта Азиядағы ең әййемги халықлардан (ак. С. Камалов) ҳәм саны жағынан да Түркий тиллес халықлар болған өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен, әзербайжан ҳәм т. б халықлардан да кем болмаған. Бирақ булардың азайып қалыўына XVIII әсирдеги үш тарийхый жағдайлар 1720-жылларда қалмақлардың, 1740-жылғы қазақ ханы Абылқайырдың, 1762-1763-жыллары Ералы ханлықлардың шабыўылларында үш тәрепке: Ферғана, Андижан ҳәм қазақ халықларының ишине, және де Сырдәрьяның қуяр етеклерине қарай бөлинип көшкенликлери себеп болады. Солардан бир бөлеги ғана өз аймағына ийе болып қалған. Сол түркий халықлар ишинде барлық Түркий халықлардан да көп болғанлығы себепли де ҳәзирги ўақытларда қарақалпақлардың қайсы түркий халықлардан болса да аўыз еки әдебиятынын, әсиресе тарийх ҳәм тарийхый емес дәстанлық дөретпелеринин көплиги оның бирден-бир дәлили болып есапланады.

Қарақалпақлар Орта Азияда, Хорезм цивилизациясында жасап турып, Түркий халықлардың ишиндеги орны барлық Түркий халықлар менен бирге V-XV әсирлерде хәмме Түркий халықларға ортақ болған илим, пән, әдебият, мәдeният естеликлерин дөретиўге белсене қатнасқан халықлардан болды. Егер қарақалпақлар XI-XII

[1] Н.М. Маллаев. Ўзбек адабиёти тарихи. 1-китап Ташкент, 1976-йил. 41-бет.



әсирлер де халық болып қәлиплескен болса, қәне олардың тарийхы, әдебияты, көркем өнери, мәдeнияты?-деп гейпаралар сораў береди. Орта әсирдеги Хорезмдеги әййемги халықлардан болып турып олар хәмме Түркий халықлар менен бирге оларға ортақ болған, илим, пән, әдебият, мәдениятты қәлиплестиреди. Бул бирлескен Түркий халықлардың жараткан илим, пән, мәдeнияты болып дүнья тарийхынан орын алды. Сол себепли де хеш бир Түркий халықлар Орта әсирдеги жасалған илим, пән, әдебият, мәдeният тек бизиң халықтики деп айта алмайды. Ол жаратылған Орта әсирдеги естеликлер хәмме Түркий халықларға ортақ. Олар қарақалпақ халқынын да Орта әсирлердеги дөреткен илим, пән, әдебият ҳәм мәдeнияты болып есапланады.

Енди XIV-XV әсирлерде Түркий халықлардың раўажланыўы, олардың тил, үрп-әдет, хәр қыйлы салт-дәстүрлеринин айырмашылықларына байланыслы, және де олардың аймақлық жасаў шәраятларына байланыслы, хәр бир халық, хәтте, өз мәмлекетшилигине ийе болыўларына алып келеди. Қарақалпақлар да Түркий халықлар ишинде бөлинип IX-XI әсирде-ақ өз мәмлекетшилигине ийе болды. Олар Хорезм цивилизациясындағы илим, пән, мәдениятдағы бай дәстүрлерине ийелик етти. Және де өз билимданлығы, бай мәдениятлылығы менен басқа халықларғада тәсир жасады. Олар кең аймақларда: Түркстан, Уллы Таў, Едил-Жайық, Қыпшақ далаларына дейин жайылып жасады. XVII-XVIII әсирде оларда жоқары раўажланыў дәўирлери басланды. Бул дәўирлерде де олар илим, пән, әдебият, мәдениятта Хорезм цивилизациясының дәстүрлерин өзлеринде толық даўам еттирди. Әсиресе, хәр бир аўылда мешит, медреселер болып илим, пән, көркем өнер, мәдeният кең раўажланды.

XIX әсир қарақалпақ халқының ең жоқары раўажланған дәўирлери болды. Олар Азияда, Арқа Хорезмде жүдә саўатлы ел болып мойынланды. Ҳәтте жақындағы статистика мағлыўматларынын өзинде 1930-жылларға Орта Азия халықларының саўатлылығы хаққындағы изертлеўлерде «1900-жылларға шекем барлық Орта Азияда 6000 мешит, медреселер болған, оларда 80 000 адам оқыйтуғын болған.

Солардан 3000 медресе қарақалпақлар аймағында болған[1]—деп мағлыўматлар берген. Сонда да не себептен бизлер, қарақалпақлар, саўатсыз, мәдениятсыз халықлардың әўладлары боламыз? Усындай тарийхый фактлерге қарамастан, қызыл империя заманында қарақалпақлар Октябрь революциясына шекем 00,2 процент ғана

[1] «Каракалпакия». II книга, том II. г. Ленинград 1934 год стр. 161.

саўатлы болған дегеннен басқаны еситпедик. Бундай халықты көз-көреки кемситиўлер халықтың саўатлылығын, мәдениятлылығын мойынламаўшылықты көрсетер еди. Әлбетте булар Советлик дәўирдеги жала, қысыўметлер, миллеттиң жетискенликлерин көре алмаўшылық хәм зорлықлардың көринислери еди.

XVI-XVIII әсирлер, қарақалпақлар өз алдына миллет сыпатында белгили турақлы аймақларға ийе болып, дүньяға танылып көрине баслаған дәўирлери болды. Бул әййемнен саўатлы елди дүнья халықлары излемеўи мүмкин емес еди. Өзлери Европа, Азия еллери менен экономикалық хәм мәдений байланысларда да жасады. Бул әсирлерде де сырт еллердиң қарақалпақларға қызығыўшылығы артты. Бул әсирлер жәмийетлик тарийхында да, фолклорларында да жазба әдебиятында да кең сәўеленди. Және де бул әсирлер қарақалпақлардың өзлеринин ҳақыйқый жазба тарийхларына (Қоразбек улы «Шежиреси», Қутлымурат беглер беги «Шежиреси», Бердақ шайырдың жазған «Шежирелерине», ийе болған жыллар болды. Қарақалпақлардың миллий жазба әдебиятында миллий кең полотнодағы кескин конфликтли көркем хәм тарийхый дәстанлық шығармалар раўажланған әсири болды. Әсиресе XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларындағы көркем әдебиятта сол әсирдеги елдеги тарийхый шараятлар, сиясий, миллий социаллық жағдайлар жазба әдебиятта кең раўажланған дәўирлери болды.

*«Әмиўдәрья» журн. 2004-жыл. №5-6*

## ҚАРАҚАЛПАҚ МИЛЛИЙ ЖАЗБА ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ДӘСЛЕПКИ ДЕРЕКЛЕРИ ОРТА ӘСИРДЕГИ БЕРУНИ ДӘЎИРЛЕРИНЕН БАСЛАНАДЫ

Орайлық Азияда, Хорезм диярында илим, пән IX-XI әсирлерде жүдә жоқары раўажланыў дәрежесине жетиседи. 1010-жылы Хорезм патшасы Маъмун II аты менен Маъмун Академиясының тийкары салынады. Әбиў Райхан ал Беруни усы Академияның биринши басшысы болып сайланады. Бул жерде ал Беруни, Абу Али ибн Сино, Абу Сахл Масихий, Абул Қасым Хаммар, Абу Мансур ас-Саолий усаған пүткил дүньяға белгили алымлар жасап жумыс иследи. Усы әсирде анық пәнлер менен бир қатарда Хорезмде көркем әдебият жүдә жақсы раўажланды. XI-XII әсирлерде Хорезмде жасаўшы қарақалпақлар халық болып кәлиплеседи. Әлбетте олар халықлық дәрежеге жеткеннен кейин түркий халықлардың ишинде өз тилине,



әдебиятына, көркем өнерине, тарийхына ийе халық екенлиги менен басқа халықлардан айрылып турады. Олар өз мәмлекетшилигине ийе болып, Хорезм халқы менен тығыз сиясий-экономикалық байланыста жасайды. Усы дәўирлерде Әл-Беруни энциклопедист алым сыпатында тек анық пәнлер ғана емес, ал улыўма Түркий халықларға, әсиресе биринши гезекте өз жерлесимиз сыпатында қарақалпақларға мийрас болған көркем әдебияттың да тийкарын салады.

Абу Райхан Мухаммед ибн Ахмад Беруни 973-жылы қарақалпақлар жеринде, Әййемги Хорезм пайтахты Қыят қаласына жақын жердеги қарақалпақ аўылларының биринде дүньяға келди. Қарақалпақларда ол ҳаққында хәзирге шекем сақланып қалған мынадай аңыз гәплер бар: Жаз күнлеринин бири екен. Хорезм шахы өз ўазирлери менен сарай алдында отырған екен, 3-4 жасар бир жалаңаш бала жуўырып булардың алдына келеди. Буны көрген патша хәм оның хамелдарлары ҳайран қалады. Қала болса үлкен қорғанлар менен қоршалған. Дәрўаза болса беккем жабық. Ол жерде қараўыллар турыпты. Бул жаққа рухсатсыз жан жибермейди. Олар бундай бийдәрек жүрген жалаңаш баланы ишке киргизбейди де. Оны, әсиресе, хан сарайына қарап жибермейди. Сырттан келген бала дым бир сағийра, ол оңлап сөйлей де алмайды. Хан хамелдарларының биреўи балаға: «Сен бул жерге қайдан келдиң, көрсет?» десе, бала оның алдына түсип томпаңлап жүрип барып, дийўалдан ишке түскен жерин көрсетеди. Ҳақыйқаттан да бийик дийўал қорғаннан баланың ишке қарап сыпырылып түскен излери билинип турады. Буны ўәзир патшаға айтып келеди. Патша дәрхал буйрық берип, қорғанның дөгерегинде ким бар деп қарастырса, ол жерден хеш ким табылмайды. Қорғанның сыртынан баланы биреўдиң түсирип жибергенлиги белгили болып турады.

Хорезм шахы балаға қарап турып: «Бул Беруни, (ески Хорезм тилинде «Беруни» деген сөз «сырттан келген», ғайыптан пайда болған» дегенди аңлатады екен) жас нәресте бунын хеш айыбы жоқ. Ҳаслы адам, буны биреўиң бала қылып алып асыраңлар?! Енди бул өз атасын таба алмайды»—дейди. Патшаның бир ўәзири перзентсиз екен. Ол бул баланы патшаның айтқаны бойынша асрап алмақшы болады. Солай етип, Беруни жас ўақытларынан хан сарайында тәрбияланады. Оны 5-6 жасларынан-ақ оқыўға береди. Бала оқыўға жүдә ықласлы болады. Ол жерде сол дәўирдеги үлкен алым Әбиў Наср ибн Әлий ибн Ирақтың қолында тәрбияланады. Ол жас ўақытларынан-ақ көп тиллерди үйренеди. Хан сарайындағы медреселердиң биринде тәлим алып, алым болып жетиседи. Ол хан сарайында тәрбияланғанлықтан, Хорезм шахлары топарына тез енисип кетеди.

Беруни ержете келе саўатлылығы, билимданлығы, көп тиллерди билиўи жағынан Хорезм патшалығында жүдә саўатлы алым болып жетиседи, хан сарайында үлкен абройға ийе болады, үлкен атакларға ийе бола баслайды. Гейпаралар сол дәўирлерде оның шығысын үлкен ақсүйек адамлардан болыўы керек деп те шамалайды. Ал, гейпара тарийхый хүжжетлерде Беруни ержеткеннен соң өзиниң келип шығысын изертлеген. Ол өзиниң жазған трактатларының биринде:

Мен ҳаслы шығысымды қайдан билейин,
Ҳақыйқый бабамды сирә билмеймен!
Бабамды билмей турып, әкемди қандай билейин?—деп жазады.

Беруни биринши гезекте Орта әсирлердиң басларындағы үлкен илимпаз энциклопедист алым, өз заманының мәдений хәм тәбийиый илимлерин жетик түрде ийелеген илимпаз болған. Беруни заманларында илимди мәдений хәм тәбийий илимлер деп тек екиге ғана бөлген. Ал, мәдениятқа тарийх, тил илими, әдебият, көркем өнер, эстетика, философия да кирген.

Ал, тәбийий илимлерге: география, геология, астрономия, астрология, математика, фармокология хәм т. б илимлер кирген. Беруни өзи усы илимлердиң барлығынында жетик маманы болған.

Беруни Хорезмнен тысқары Иран, Ирак, Аўғанстан, Пакистан, Ҳиндстан еллерин аралаған. Ол халықлардың өмирлери менен кең таныскан. Ол мийнетлериниң көбисин араб, парсы, санскрит, Иран, Ески Хорезм тиллеринде жаратқан. Әсиресе, Беруни заманларында барлық илимий мийнетлер араб тилинде жазылған. Хорезмде жасаўшы алымлардың көби араб хәм ески Хорезм тиллеринде жазған, ал Беруни мийнетлериниң көбиси араб, ески Хорезм тиллеринде жазылған. Ол өмириниң көбисин Хорезм цивилизациясындағы қарақалпақ жеринде өткерген. Сол себепли биз бул алымды қарақалпақ миллий жазба әдебиятының биринши негизин салған энциклопедист алым хәм жазыўшы, шайыр сыпатында қараўға хақылымыз. Ҳақыйқаттан да Беруни жазған «Трактатлар», «Қосықлар», «Өткен әўладлардан қалған мийраслар» атлы мийнетлери миллий қарақалпақ жазба әдебиятымыздың тийкарын салған мийнетлер болады. Гейпара әдебият тарийхын изертлеўши алымлар Беруниди тәбийий илимлердиң тийкарын салыўшы деп қарап, оны мәдений тараўында шайыр, жазыўшы деп қарамайды. Ал, гейпара илимпазлар Беруниди Хорезмдеги жасаған биринши шайыр деп биледи.



Берунидиң көркем әдебий мийнетлери илимде айрықша орын ийелейди. Оның көркем әдебий мийнетлери еки бөлимнен ибарат: БиринШиси,—Берунидиң трактатлары, қосықлары, ал екиншиси,—әййемги тарийхый жазба естеликлер хаққында хәм фольклорлық шығармалардан ибарат. Беруни мийнетлериниң ишинде оның қосықлар топламы «Мутор-ул ашъор» айрықша орын ийелейди. Ол қосықлардан және де трактатлардан ибарат.

Ал, трактат деген сөз латын сөзи болып, ол илимий жақтан хәр тәреплеме ойлап, жуўмақлаўшы бир пикирге келип поэзия менен айтылған гәплер дегенди аңлатады. Трактат дәстүри өзи тек бир еки куплет қосық пенен айтылып жазылған пикир. Берунидиң қосықлар топламының көпшилиги трактатлардан турады. Беруни трактатлары поэзияда айрықша қубылыс. Оларда дүньяның жаратылысының объективлиги, хәмме нәрседе адам ақылының үстемлиги, дүньяда адамнан қудиретли хеш нәрсениң жоқ екенлиги, физика, математика, тарийх, астрономия, астрология, медицина жетискенликлериниң табысларына шекем, олар адам баласының ақылы менен исленген жетискенликлер екенлиги, сол ушын барлық илимлер адам баласы ушын хызмет қылыў керек екенлиги хаққындағы ҳақыйқатлықлар айтылған хәм нызам болып қалған. Оның бул гәплери трактатларында дәлилленген. Қулласы поэзия менен адам өмириниң барлық тәреплерине толық араласа бериў мүмкин екенликлери көрсетилген. Илимде бул үлкен жаңалық. Берунидиң трактатларының қунлылығы трактатлар фантазия емес, илимий реаллық пенен жазылған поэзия. Берунидиң қосықлар топламындағы трактатлар қурылысы бойынша олар рубайыларға жақын, бирақ рубайы емес. Оның трактатлары жекке илимий жақтан дәлилленген хәм тастыйықланған пикирлерди беретуғын поэзиялық шығармалар болған. Олар сол заман ушында поэзия дөретиўдеги тәжирийбелер дәстүрлери болған болыўы мүмкин. Сондай поэзия өз заманында көркем сөздиң поэзия менен халық турмысындағы хызметлерин түсинип жетискен, поэзия менен өмирдиң хәмме тәреплеринен талқылаў мүмкин екенликлериниң мысалы. Сол себепли ол өмириниң белгили бөлегин қосық жазыўға да арнаған.

Екиншиси, «Өткен әўладлардан қалған мийраслар» китабы—ал асар, ал бақиа, ал қуран, ал хилийе. Гейпара мағлыўматларда Беруни бул китабын 27 жасында жазып питкерген деген де мағлыўматларды ушыратасаң! Оның бул китабы барлық ўақытларда халыққа толық филологиялық илим сыпатында қымбатлы болып келген. Оның бахалылығы өткен заманларда халықлық фольклорды және де буған қоса жазба естеликлерди де жыйнаў хәм оннан пайдаланыў кереклиги,

олардың халық турмысындағы айрықша әхмийети ҳаққында айтылған. Расында да өткен әсир мийрасларын жыйнаў Беруниден кейин соңғы әўладларға дәстүр болыпта қалған. Бул мийнетинде Беруни тәрепинен әдебий көркем шығармалар илимий жақтан да дәлилленген.

Берунидиң «Өткен әўладлардан қалған мийраслар» китабында бириншиден, адамзаттың жаратылысы ҳаққында араб, парсы, түркий халықлардағы әпсаналық, легендалық әжайып болжаўлар жыйналған.

Алым оларға өз пикирлерин билдирген. Бунда оның Грек мифологиясы менен де жақсы таныс болғанлығы көринеди. Себеби, ол жыйнаған әпсаналардың гейпараларында Грек мифологиясындағы Зевс ҳаққында көп әпсаналар келтириледи.

Екиншиден, автор бул мийнетлеринде Беруни бурын да өткен пайғамбарлар ҳаққындағы әпсаналарды ҳәм ҳақыйқатлықларды да жыйнаған. «Пайғамбар қыссасынын» әсиресе, бизлерге ҳәзирги күнлерге шекемги келип жетиўине ол жазба тийкарлар таярлаған. Бул мағлыўматлардың ҳәр бири халықлар тарийхы ушын үлкен әҳмийетке ийе мағлыўматлар екенлиги дәлилленген.

Үшиншиден, Беруни шығыс халықларына кең таралған зоастризм дини, ол диннин тийкарын салған Заратуштра ҳаққында белгили үлкен естелик «Авесто» китабы туўралы өзининң көз қарасларын анық баян еткен.

Төртиншиден, Беруни мусылман халықларының үлкен байрамы Наўрыз ҳаққында, ол байрамның Шығыс халықлары ушын үлкен байрам екенлиги және де оның Жаңа жыл менен, ел, халық дәстүрлери менен байланыслы байып, толып атырған аңыз әпсаналар бар екенликлери дәлилленген. Және де Беруни бул мийнетинде Шығыс халықлары мәдениятының оғада бай екенлиги, ҳәр халықтың өз алдына үрп-әдет, салт-дәстүрлерге бай екенлиги, олардағы бай фольклор, жазба естеликлер мудамы бир-бирлерин толығырақ ҳәм байытып баратуғын, жүдә бир прогрессив характерлерге ийе қубылыслар бар екенлиги дәлилленген. Және де булар ҳәр бир халықтың руўхый дүньясы менен тығыз байланысып кеткенлигин, сонлықтан да олар жоғалмайтуғын, қайта елден елге кең таралатуғын қубылыс екенликлери дәлилленген.

Ҳақыйқаттанда Беруни өз заманындағы өткен әўладлардан қалған мийраслар ҳаққындағы жыйнаған байлықлары оның сол заманларда жасаған халықлардың ғана тарийхын, әдебиятын, көркем өнерин ҳәм мәдениятын байытып қоймастан, бизиң бүгинги күнимиз ушын да баҳалылығын жоғалтқан емес. Мысалы, қарақалпақ халқындағы «Сулайман патша», «Қарун бай», «Искендер Зулқарнайн», «Пайғамбарлар қыссасы», «Қумай қус», «Жыланлар патшалығы», «Шыңғысхан ҳаққында легенда» усаған көплеген Беруни заманынан қалған әпсаналар, ертеклер, ҳәр қыйлы естеликлер қарақалпақ фольклорының ҳәм жазба әдебиятының тийкарғы дереклерин қурайды. Соның ушын илимде жазба әдебияттың сағасы фольклорда деп бийкарға айтылмаған.



Беруниде «Өткен әўладлардан қалған мийраслар» ды яғный үлкен естеликлерди ўақтында бийкарға жыйнамаған. Олар халық тарийхының тийкарлары, миллет әдебияты ҳәм мәдениятының дәслепки сағалары болып есапланады. Бул мәселеде Берунидиң уллылығы ол өзине шекемги болған халықлар тарийхының тийкарларын қураған мәдений мийрасларды системаластырып ҳәм олар ҳаққында илимий пикирлер жүргизген. Олардың елге, халыққа және де оның барлық дүньяға керек болатуғынлықларын дәлиллеген. Булардан ҳәмме ўақытларда қарақалпақлар тарийхы, мәденияты пайдаланады ҳәм ҳүрмет пенен оларды тилге алады. Мәселен, сол дәўирлерде пайда болған қаншадан-қанша әпсаналарды қарақалпақлар өз халқының әпсаналарындай ҳәзирге шекем пайдаланады. Ядымызға «Нух пайғамбар», «Қарун», «Сулайман патша», «Искендер Зулқарнайн» ҳаққында әпсаналар, Сарыбайдың «Жарғанат пенен айтысы» усы әпсаналарды ериксиз ядыңа түсиреди. Әжинияз, Бердақ, Аяпберген, Аббаз шайырлар шығармаларында «Қарун киби дүнья жыйған» деген гәплер көп ушырасады. Булардың барлығы жазба әдебияттың халықлық дәстүрлерге, тәжрийбелер менен органикалық мазмунда биригип жасайтуғынлықларының үлкен мысалы болып есапланады.

Беруни топлаған усы әпсаналардан бизиң қарақалпақ халқына мийрас болып қалған ҳәм елге жүдә көп тарқалғанларынан бирлиярымларын атап өтсек болады. Мысалы, бизиң халқымызда «Искендердиң шақы бар», «Қартайған әкесин көмиўге алып баратырғанда дем алған жерде ғаррының күлиўи», «Дәўкемпир», «Жыланлар патшалығы», «Гәўҳарды излеген патша» усаған көп әпсаналар таралған. «Искендердиң шақы бар» деген әпсанада мораллық мәселелер гәп етиледи. Мысалы бунда қай жерде жүрсең де абайлап сөйлеў, «Отыз тистен шыққан сөз отыз урыўға жайылады» деген ямаса «Қулақ еситкенди көз көреди» деген мәнилерди аңлатады—деп мысал етип елде пайдаланады. Бул тарийхый әпсаналар барлығы Беруни заманларынан қалған, бизге жазба мәдений арқалы тараған әпсаналар болған.

Беруни өз заманының алымы. Халықтың руўхый мәдениятының қудиретлиликлерин билип, биринши нәўбетте халықтың әпсаналарын жыйнаған. Себеби, онда тил де бар, тарийх та бар. Руўхый қүдиретлилик те бар, ең баслысы халық турмысы бар. Берунидиң дәстүрлери бүгинги күнде де қарақалпақ миллий жазба әдебиятының усындай әййемги Шығыс халықлары мәдений байлықларынан азықланып жаратылған ҳәм раўажланған көп әсирлик тарийхы бар мәдений хор, мәдений халық мүлки екенлиги менен ажыралып турады.

*«Еркин Қарақалпақстан» газ. 2-март. 2006-жыл №26 (18240).*

# АЛ ХОРЕЗМИЙ ОРТА ӘСИРЛЕРДЕ ҚАРАҚАЛПАҚ ЖАЗБА ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ТИЙКАРЫН САЛҒАН ШАЙЫРЛАРДАН БИРИ

Ал Хорезмий XIII әсирдиң ақыры XIV әсирдиң басларында әййемги Хорезмнин пайтахты Қыят қаласында туўылған. Ол балалық хәм жас жигитлик жылларын Хорезмде өткерген. Хорезмде оқыған, билим алған. Шайыр болып жетискен. Ҳәзирге шекем илимпазлар Хорезмийдиң өз аты белгисиз, бизге тек оның Хорезмий деген лақабы ғана жетип келген деп белгилейди. Ал-Хорезмийдиң өзиниң гейбир бөлип-бөлип жазған шығармаларында Рабаний дегенде ат қойып жазады. Илимпазлар буныда оның шайырлық лақабы деп шамалайды. Илимпазлар Хорезмийди дүньялық әдебияттың ең ири ўәкиллеринен бири болған шайыр, ол Түрклердиң қайсы тайыпасынан шыққанлығы белгисиз деп те айтады[1].

Хорезмий менен бизиң жасаған заманымызды алты жүз жылдан артық ўақытлар бөлип турады. Бул алты әсирден аслам ўақытларда халықлардың тарийхында, тилинде, әдебиятында, мәдениятында қаншадан-қанша өзгерислер пайда болды. Соған қарамастан, қарақалпақ топырағында туўылған хәм жасаған бизиң халқымыздың Орта әсирлердеги жазба әдебиятымыздың хәм мәдениятымыздың негизин салған Хорезмийди ҳәзирги күнде биз билмеймиз деп айтыў пүткиллей гүнә.

Қарақалпақ халқынын тарийхы, әдебияты, мәденияты тарийхлары жүдә узақ әсирлерди өз ишине алады. Ол бизиң эрамызға шекемги IV-V әсирлерден баслап бизиң эрамыздағы Қубла Арал бойындағы жатқан нешше әсирлик тарийх, әдебият, мәденият пенен тутасып жатады. Улыўма Қубла Арал бойлары Орайлық Азияның илим хәм мәденияты ошақларынан бири болып, Хорезм цивилизациясынан бурын да, Хорезм цивилизациясы дәўирлеринде де дүнья илимлери бесиклерин жасаған уллы инсанлар дүньяға келеди. Олар өзлерин Шығыс хәм батыстан айырып көрсетип, өз исимлерине бизлер Хорезмиймиз, яғный Хорезмненбиз деп ат тағып қояды. Мәселен: Әдиў Жаффар Мухаммад ибн Муўса ал Хорезмий (790-817), Астрономия хәм тригонометрия бойынша алым Әбиў Наср Аррах ал Хорезмий, белгили химик Әбул әким Мухамад ибн Әбдимәлик ал

1. Н.М. Маллаев. Ўзбек адабиёти тарихи. Биринчи китоб XVII асргачаа «Ўқитувчи» нашриёти. Ташкент 1976-жыл, 227-229-бетлар. «Мухаббатнама» Қазақ ССР «Ғылым» баспасы. Алма-Ата 1986-ж 60-64-бетлер.



Хорезмий, Х әсирдиң ақыры XI әсирдиң баслары белгили тарийхшы хәм әдебиятшы, шайыр деп танылған Әбиўбәкир Мухамад ал Хорезмий (933) жәхән илимлери гилти деп аталған Мафатих ал улум дүньядағы дәслепки энциклопедияның авторы Әбиў Абдуллах Мухаммад ибн Ахмад ибн Юсип ал Хорезмий т.б көп-көп тәбиййй, мәдений илимлердиң уллы ўәкиллери өзлерин Хорезмде жасап дөретиўшилик хызмет еткенликлери ушын, олар өзлерин Хорезмий деп атаған. Булардан басқа да бул мәканларда қаншадан-қанша тарийхшы, шайыр, әдебиятшы алымлар жасаған. Усы әсирдеги уллы мәдениаттан өсип жетискен шайырлардан бири қарақалпақ жеринде жасаған Хорезмий болып есапланады.

Хорезмийди Беруни, Хожа-Ахмад Яссаўий, Әўлия Бақырғаний, Югнакийлер менен бирге Орта әсирдеги қарақалпақ миллий жазба әдебиятының тийкарларын салған алым шайырлардың бири деўимиздиң себеби, ол Қарақалпақ топырағында, әййемги Хорезм пайтахты Қыят қаласында туўылған. Қарақалпақ жеринде балалығын өткерген хәм оқыған, сол орында ержеткен, билимли адам болып жетилискен. Қайсы жерде жасаса да шайыр ең әўели өз жериниң, өз елиниң, өз халқының шайыры. Ол Қыят қалада ержетип билим алғаннан кейин көп еллерди саяхат қылған. Көп жерлердиң алымлары менен шайыр, жазыўшылары менен танысқан. Мәселен, оның шығармаларындағы «Шам сапары» деп жазылған қосықларында ол Рум шәҳәрин бастан аяқ ҳәз етип аралағанлығын айтады. Соң Шам шәҳәрин аралаған.

Көп қыйыншылықлар көрдим деп жазады. Ол булардан да басқа өмириниң ишинде Сырдәрья бойларын, Урал Жайық, Дешти Қыпшақ далаларын аралағанлықларын айтады. Әсиресе, ол көп шығармаларын Дешти Қыпшақ тилинде жазады.

Ҳәзирги Қыпшақ, Өгуз, Кердерлерди сол ўақытларда булар қарақалпақлар деп таныған. «Шайыр Хорезмий жаслық жыллары оқыған ўақытларында оның дөретиўшилик хызметлери Хорезмде өткен»—деген де исенимли тастыйықлаўлар бар.

Хорезмийдиң дүнья әдебиятына қосқан үлеси жүдә үлкен. Оның өмири, дөретиўшилик хызметлери менен көп жыллардан берли дүньядағы көп илимпазлар қызыққан. Биринши нәўбетте, Хорезмийдиң өмири хәм дөретиўшилиги менен англичан, немец, француз, орыс, тюркологлары көп қызыққан. Үлкен тюркологлар В.В. Бартольд, А.Н. Самойлович, А. М. Шербак хәм т.б тюркологлар Хорезмий хаққында көп болжаўлар айтқан. Ал соңғы дәўирлерде өзбек, қазақ, татар, қырғыз илимпазлары Хорезмийдиң XIII-XIV әсирлердеги түркий халықлар әдебиятындағы қалдырған мийраслары хаққында көп жазады. Бирақ

булардың барлығы да Хорезмийдиң қайсы халыққа тийисли екенлигин толық кесип айта алмайды.

Хорезмийдиң өмири хәм әдебий хызметлери ҳаққында дүнья халықлары илимпазларының кеўиллерин тартқан айрықша бир мәселе оннан мийрас болып қалған хәм дүнья әдебияты қорына қосылған үлкен бир үлес болып келген «Муҳаббатнама» дәстаны болады. Қазақ илимпазлары бул оның «Муҳаббатнама» шығармасы XIII-XIV әсирлердеги Алтын Орда дәўириндеги жасалған өзбек, қазақ, түркмен, татар хәм Қырым татарлары ушын ортақ тил болып қәлиплескен өз заманының әдебий тилинде жазылған жазба естелик деген жуўмаққа келеди[1] Ҳәтте бул текстте илимпазлар қарақалпақ халқының атын да еске түсирмейди.

Дурыс усы илимпазлар айтқандай болыўы да мүмкин. Бирақ хәр қандай шайыр, жазыўшы ең әўели өз жериниң, өз тайпасының, өз халқының шайыры болып жетилиседи. Ал, оның дөретиўшилигиниң мазмунлылығы, көркемлиги, интернацоналлығы менен бир-бирлерине уқсас болған халықлардың арзыў-әрманларын жырлаў арқалы, бир халықтың шеңберинен шығып, улыўма Түркий халықлардың хәммесине ортақ шайыр сыпатында танылып кетиўи мүмкин. Мәдениият тарийхында Орта әсирлерде хәм оннан да бурын көп илимпазлар, көп жазыўшы, шайырлар усылай болып қалған. Бундай шайыр, жазыўшылар мәдениият тарийхында көп ушырасады. Мәселен, Беруни, Хожа Ахмад Яссаўий, Әўлия Бақырғаний, ал Хорезмий де усындай шайырлардан болып танылып келген.

Биз оны бизиң жерлесимиз, бизиң жеримизден шыққан, бизиң елимизде жасап турып дәслепки жазба естеликлерди жасаған қарақалпақ жериниң шайыры деп мақтаныш етиўге ҳақылымыз. Және де миллий қарақалпақ әдебиятының сағаларын усы алым шайырлардан баслаймыз.

Хорезмийдиң көп шығармалары бизге қол жазба халында келип жетпеген. Ал, оның «Муҳаббатнама» шығармасы пүткил дүнья халықларына тарaлған. Автордың шығармадағы өзиниң жазып қалдырғанлары бойынша «Муҳаббатнама» шығармасының Сырдәрья жағасында жазылғанлығы хәм ол шығарма усы жерде питкерилгенлиги ҳаққында ол былай дейди:

Бул дәптер болып тур қосыққа толы,
Бул да жети жүз елиў төрт куплетке толы,

1.«Мухаббат-нама» Қазақ ССРының «Ғылым» баспасы, Алма-Ата. 1986-жыл 63-бет.



«Мухаббатнаманы» йош пенен жаздым,
Буны хақыйқый мен Сыр жағасында жаздым!
Ҳәм сол жерде питкердим!—деп жазады.

Ҳақыйқаттанда V-XV әсирлерде Сырдәрья төменги Арал теңизине қуяр жеринде: Түркистанда, Сығнақта, Юғнақта, Миянкөлде тек қарақалпақлар ғана жасағаны тарийхый мағлыўматлардан бизге белгили. Булар ол заманларда тарийхта таза қарақалпақ аўыллары деп аталған жерлер болған. Бир ўақытларда Сығнақ, Юғнақ, Миянкөл үлкен жипек жолының бойында жайласқан. Бул жерлер Жийдели Байсын деп те аталған. Көп орыс тюркологларының, әсиресе А.Н. Самойловичтың хәм А. Боровковлардың пикирлери бойынша қарақалпақ халық дәстанлары «Қоблан», «Алпамыс» хәм т.б да дәстанлары усы орынларда қарақалпақлардың Қоңырат урыўлары арасында пайда болған, соннан басқа халықларға тарaлған. Бул жерлерде көп жыраў, бақсы, қыссаханлар хәм т.б. көп-көп саўатлы адамлар болған деген пикирлер де бар. Соның ушын да Хорезмий ҳәм оның «Муҳаббатнама» дәстаны да усы қарақалпақлар арасында пайда болған дәстан екенлиги көринип турады.

Бул дәстанның қол жазбасы тилекке қарсы бизде сақланбаған. Ол Англияда, Британия музейинде, Туркияда Стамбулдың миллий китапханасында ғана сақланып қалған. Ол да автордың өзиниң қол жазбасы емес, хәр қыйлы араб, парсы, түрк тиллеринде көширилген нусқалары болып есапланады.

1952-жылы СССР Илимлер Академиясының Азия халықлары институты Англиядан бул «Муҳаббатнаманың» қол жазбасының фотокопиясын алып келеди. 1959-жылы тексттиң транкрипциясы менен оны баспадан шығарады. Илимпазлар хәзирге шекем усы баспа арқалы илимий пикирлер жүритеди. Шығарма 946 бөлимнен ибарат. Соның 312 бөлими арабша, парсыша жазылған. 643 бөлими Қыпшақ-Өгуз тиллеринде жазылған. Кейин бунның парсыша, түркше текстлери орыс, өзбек, қазақ тиллеринде дағазаланды. «Муҳаббатнама» текстиниң көп тиллерде дағазаланыўы Түркий филология тараўында үлкен дәбдебели ўақыяны келтирип шығарды. Оны илимий изертлеў жумыслары да басланды. Оны дәслепки изертлеўшилер А.Н. Самойлович, А. М. Шербак, Ҳәмир Нәжип, Н. Маллаев, С. Қасымов, Б. Балихожаев, А. Қыраўбаевлар болды. Бул атлары келтирилген илимпазлардың хәммеси де Хорезмийдиң «Муҳаббатнама» дәстаны XIII-XIX әсирлердеги улыўма түркий халықларға ортақ бийбаҳа жазба естелик деп белгилеўден артып кеткен жоқ. Сондай-ақ Хорезмийдиң

өзи хаққында дәслеп ол кайсы халыктан шыққанлығы, ол кайсы жерлерде жасағанлығы, оның бул дәрежеге калай жетискенлиги хаққында, әсиресе, оның дөретиўшилик күш кудиретин жетистирген әдебий, мәдений, илимий орталығы хаққында хеш гәп етилмейди.

Хорезмийдин бул «Мухаббатнама» дәстанының жазылыў тарийхы хаққында илимпазларда мынадай болжаўлар да бар: Ол Мауереннахрды узақ ўақытлар саяхат қылады. Саяхат дәўирлеринде ол шама менен 1353-жылдың ақырларында Алтын Орданың ханы Жәнибектиң Сырдәрья ўәлаятындағы Қоңырат улысына койған хәмелдарларынан бири Мухаммад Хожабек деген адам менен танысады. Мухаммад Хожабек өзи алым, белгили шайыр, халық мәдениятын кәдирлейтуғын адамлардан бири болады, Ол көп жыллардан берли Хорезмийдин парсы, тәжик тилиндеги жазған шығармалары менен таныс болады. Елденде оның үлкен шайыр екенлигин еситип жүреди. Мухаммад Хожабек те оны бир көриўди әрман етип жүреди. Бир күнлери екеўи бир мерекеде ушырасып қалады. Танысады. Мухаммад Хожабек Хорезимийден усы жерде бираз қалып, өзи хаққында бир жақсы шығарма дөретип кетиўди оннан өтиниш етеди. Оған Хорезмийде келисим береди. Соннан соң Хорезмий ол жерде қалып усы «Мухаббат-нама» дәстанын жазады.

Дәстан бир сулыў қызға арналады. Өз ўақтында халық «Мухаббатнама» дәстанын сол Мухаммад Хожабектиң хаялына жазылған дәстанлық шығарма деп гәп тарқайды. Дәстан былай басланады:

... Сонда орнынан турып Мухаммад хожа,
—Тилегим сол, тез жаз, бирақ қысынба?!
Таяр болғай усы жылдың қысында.
... Дедим мен: Қосық жазыў шайыр ушын ол бахыт,
Сиздей Шахка арнаў мен ушын бахыт.
... Қоңыраттың әй айбатлы арысланы,
Халықтың ханы Жәнибектиң иниси!—деп басланады.

Хорезмийдиң «Мухаббатнама» дәстаны бул ашықлық хаққында, мухаббат хаққында жазылған дәстан. Ол әжайып лирикалық толғаўлар менен жазылған. Дәстан гөззал қыздың сулыўлығы әжайып лирикалық теңеўлер менен, сүўретлеўлер менен, инсаныйлық арнаўлар менен, әжайып сулыў өткир теңеўлер менен кестеленген шығарма. Дәстанда шайыр қызға дүньяның барлық сулыўлығы, ол сулыўлықтың адамзат ушын жарасықлысы тек сениң, менен деп тәрипленеди.
Мысалы: Сен жоқ жерде, жигитлердиң жаны жоқ,



Сен жоқ жерде бул дүньянын сәни жоқ,
Сениң жилўаң өликке жан ендирер,
Сениң күлкиң хәтте айды сөндирер,
Мисли шөлдеги бир сулыў кийиксең!—деп жазады.

«Мухаббатнама» дәстаны тап усындай Орта әсирде Хорезм жеринде Сығнақ дәрьясының бойындағы қарақалпақлар арасында пайда болмаған көркем лирик дөретпе екенлиги менен пүткил дүньяға белгили болған жазба дәстанлық шығарма болғанлығы менен де әдебият тарийхында бахалы. Сол ушын дүньяда жоғалмай сақланып келген бәршеге ортақ жазба естелик болып келген дәстанлар. Қарақалпақ миллий жазба әдебиятының әййемги дереклери усындай пүткил дүньяға белгили болған Орта әсирдиң жазба естеликлеринен басланады.

*«Илим хәм жәмийет»*
*журналы №4 2004-жыл.*

## СУЛАЙМАН БАҚЫРҒАНИЙ БИЗИҢ РУЎХЫЙ МИЙРАСЫМЫЗДЫҢ ДЕРЕКЛЕРИ

Ғәрезсизлик дәўиримиз адамзат тарийхында болып көрилмеген жаңалықларды ашыў дәўири болып тарийхқа кирди. Қызыл империя заманында Әййемги Туран, Түркистан, Мауереннахр жерлеринде жасаған түркий халықлардың тарийхын, әдебиятын, үрп-әдетин, миллий мәдениятын, илим, пән жетискенликлерин мойынламай жоққа шығарып, хәтте, пүткил Европа, Азияға өз илим, мәдениятытарийхына Хорезм цивилизациясына көз жумып қарады. Бул мәканларда жайласқан халықлар, әсиресе, қарақалпақ усаған халықлар, тек XVI әсирлердиң ақырларында ғана халық болған, усы әсирлерден баслап ғана цивилизацияның мәнисине түсине баслаған халық деген гәплерди 70 жылдан артық айтып келди.

Бул гәплерди халықлардың еркине қарамай елди зорлық пенен басқарып турып айтты. Соның ушында XX әсир гүреслер тарийхына толы әсир болды. Қарақалпақлар XI-XII әсирлерде Қубла Арал бойларында халық болып қәлиплести[1]. Усы Қарақалпақлардың халық болып қәлиплескен дәўирлери Хорезм цивилизациясының гүлленген дәўирлери болды. Қарақалпақлар усы Хорезм цивилизациясы беси-

1 «Вестник» журн. 1999-жыл №2. Академик С. Камаловтың «Қарақалпақ халқының миллий ояныўы хәм Бердақ шығармалары» деген мақаласын қараңыз.

гинде жасаған халық. Хорезм илим, пән мәдениятында тәрбияланған халық болды.

Усы XI-XII әсирлерде Хорезм деп аталатуғын әййемги Туран топырағында ал Беруни, ал Хорезмий, мусылман дүньясында белгили шайхлар: Әбиўбәкир ашық Шыблый, Нәжматдин Кубра, Сулайман Бақырғаний, Хожа-Ахмад Яссаўий хәм т. б да көп-көп усыларға усаған әўлиялар, алым шайхлар, алым шайырлар жасады. Олар өзлери жаратқан илимлерин дүньяға таратты. Булардың барлығы XI-XII әсирлерде пүткил Түркий халықлар менен бирге қарақалпақлар халқының да руўхый дүньясының тийкарларын салған шайыр адамлар болады. Ғәрезсизлик шарапаты менен биз бүгин халқымыздың руўхый дүньясының дереклерин қәлиплестирген, әсирлер тарийхын билиўге мүмкиншиликлер жаратқанлығының гүўасы болып отырмыз.

Сулайман Бақырғаний бул хәмме түркий халықларға ортақ әўлия шайх, шайыр ғана емес, ал бәринен де бурын қарақалпақ халқына жақын, оның аты хаўазасы кең таралған ел қарақалпақлар жери болды. Оның үстине ол бизиң жерлесимиз, Қубла Арал бойында туўылып өскен хәм усы жерде жасаған, жасап қалған алым.

Сулайман Бақырғаний көбинесе қарақалпақ жеринде бизиң халқымызға Хәким Ата деген ат пенен кеңнен белгили. Елде адамлар егер бир иске қол урса, я узақ сапарға шығарда, ямаса қатты қыйланғанда «Я пийрим Хәким-Ата өзиң яр болагөр?»—деп оған елеге шекем сыйынады.

Қызыл империя заманында Хәким-Атаның атын халыққа айттырмаўға, хәтте ол кисиниң қәбирин жоқ қылып таслаўға да хәрекетлер болды. Сулайман Бақырғаний Хәким-Ата деген ат пенен Хорезм ойпатына белгили уллы адам. Елде ол хаққында толып атырған әпсаналар бар. Оның илимий мийнетлери, хикметлери, адамның бул дүньяда жасаў нызамлықлары, обал, саўап, пәклик, хадаллық, ол дүнья хаққында көзқараслары, данышпанлық ойлары мусылман дүньясына жүдә кең таралған. Және де мусылман дүньясында өз ўақтында ең ағла мийнетлерден болған. Сулайман Бақырғаний мийнетлери менен тек ислам дүньясы ғана емес, орыс, европа илимпазлары да көп қызыққан.

Сулайман Бақырғаний илимий дереклерде Қоңырат қаласына жақын жердеги Бақырғаный деген қарақалпақ аўылларының биринде туўылған. Ол усы жерде жасап балалығын өткерген. Соң Түркстанда Хожа Ахмад Яссаўий медресесинде оқып тәлим алған. Ол Хожа-Ахмад Яссаўийдиң замандасы болған. Бир рәўаятларда Хожа Ахмад Яссаўийден ол еки жас үлкен болған. Хәким-Ата деген атты оған Хожа Ахмад Яссаўий берген десе, бир рәўаятларда ол Хожа Ахмад



Яссаўийден еки жас киши болған деп те айтылады. Бирақ оның 1186-жылы өлгенлиги хәм өз аўылы Бақырғаний да жерленгенлиги хаққында жазба дереклер де бар.

XIX әсирдеги жасаған Венгрия илимпазы қарақалпақларда болған ўақытларда мен ислам дүньясының уллы шайхларының бири Сулайман Бақырғанийдиң Хәким-Ата деген ат пенен қарақалпақлар арасына жүдә кең таралғанлығын анық билдим. Және де ол хаққында қарақалпақлардан Хәким-Ата хаққында көп-көп әпсаналар жыйнадым,—деп жазады.

1828-жылы К.Г. Зельман жәриялаған әпсаналарда Бақырғаний Әмиўдәрьяның Аралға қуйған жеринде дүньяға келгенлиги хәм сол жерде жерленгенлиги хаққында мағлыўмат бар. В.В. Бартольд 1842-жылы Қоңыратқа келгенде орыс елшиси Г.И. Данилов пенен бирге жүдә атақлы Хәким-Ата қәбирстанында болғанлығын, ол жерде қараўийлерде жасайтуғын жүдә көп Қарақалпақлар менен ушырасқанлығын жазады.

Ал, мусылман дүньясында Сулайман Бақырғаный Хожа-Ахмад Яссаўийдан кейинги екинши әўлия адам деп мойынланған. Сол себепли халық оның қәбири үстине бир нешше мәртебе үлкен естеликлер орнатқан. Мәселен: XII, XIV, XVI, XIX әсирлерде қайта-қайта үлкен мавзолейлер салған. Ең соңғы Аллақул хан салдырған мавзолей де суў астында қалып қулаған. Хәзирги естелик XX әсирдин 1979-жылы салынған естелик.

Сулайман Бақырғаныйдиң мийнетлери XIX әсирде Қазан, Қабул, Мысыр баспаларында бир неше мәртебе китап болып басылып шыққан. Ал, 1991-жылы Өзбекстанда «Жазыўшы» баспасы Ибрахим Хаққул хәм Сайфуддин Рафиддинлер тәрепинен «Қосықлар хәм дәстан» деген ат пенен Хәким-Атаның бир топламын баспадан шығарды. Хожа Ахмет Яссаўий, әўлийе Бақырғанийлар мусылман дүньясында сондай хүрметке ийе болғанлықлары, оларды тири шайхлар деп атайды. Олар өзлериниң илим хикметлерин жазыў, медреселерде сабақ бериўден тысқары халыққа бул хикметлердиң тез жетип барыў жолларын да қарастырған. Олар тәбиятында үлкен алымлар ғана емес, ал үлкен методист шайырлар да болған. Сонлықтан да олар өз илим хикметлериниң көбисин поэзияға салып халыққа тараткан. Себеби, поэзия халықтың руўхый сезимлерин тербететуғын, адамның өзиндеги эстетикалық байлықларын раўажландыратуғын қубылыс. Буны олар илим хикмет, илахий күш-қудиретлиликлерди халыққа жеткериўдиң ең қолайлы түрлери деп ойлаған. Әдебияттың елде күшли идеологиялық қурал екенлигин түсинген биринши адамлар.

Олар халыктың руўхый күш-кудиретинен усылай пайдаланған. Әдебиятты дүньядағы үлкен руўхый күш деп таныганлар Орта әсирлерде усылар болған. Бул жағынан материалистлик дүньяны биринши таныған алым шайырлар, философлар болған. Хожа Ахмет Яссаўий, Сулайман Бақырғанийлар бул хызметлери менен Тассаўуф илиминиң, суфизм тәлийматының тийкарларын салған адамлар. Бул мәселеде Сулайман, Бақырғаний, Хожа Ахмет Яссаўийди устаз туткан хәм бәркулла оны улығлап сөйлеген. Мәселен ол «Шайхым Ахмет Яссаўий» деген шығармасында:

Қаршығасын кыслаған,
Суңқар лашын услаған,
Сансыз мурид баслаған,
Шайхым Ахмет Яссаўий.

Шәраятты сөзлеген,
Тарийхатты излеген,
Ҳақыйқатты гөзлеген,
Шайхым Ахмет Яссаўий.

Он сегиз мың әлемде,
Аты машхур кәлемде,
Орны даруссәлемде,
Шайхым Ахмет Яссаўий.

Қызыр менен сәўбетлес,
Ильяс пенен үлпетлес,
Ҳақ қасында хүрметли,
Шайхым Ахмет Яссаўий,—деп жазады.

Бизге ең жақыны 1991-жылы Ибрахим Ҳаққул хәм Сайффуддин Рафуддинлер баспаға таярлаған топлам. Бунда Хәким-Атаның 27 қосығын, жүзден артық хикметлерин, «Мийражнама», «Ақырзаман мухаммаси», «Бийбимәрьям» кыссаларын китапқа толық киргизген. Булардың барлығында Хәким-Атаның қосықлары түркий тилде жазылған. Әсиресе, қосықлардың Хожа Ахмет Яссаўий тилинен айырмасы жоқ. Сулайман Бақырғаныйдың бул шығармалары әсиресе, «Ақырзаман мухаммасы» бәркулла саўатлы қарақалпақ үйлеринде сақланған. Ал, елдеги хәр бир есикке «Ҳақ» деп келетуғын дәрўишлердиң айтатуғын сөзлери усы Хәким-Ата хикметлери болған.



Бул хикметлерде суфизмниң яғный, Тассаўуф илиминиң тийкарлары жырланған. Тассаўуф ол инсанның руўхый дүньясының тазалығын, пәклигин қорғайтуғын илаҳийда илим болған. Адамның руўхый дүньясы таза болмай турып, хақыйқатлық шын мәнисинде жәмийетте үстемлик ете алмайды. Патша бол, ийшан бол, қара пуқара бол, оның руўхый дүньясы таза болыўа керек. Сонда сен патшасаң, сонда сен ийшансаң, Сонда сен ҳақыйқый адамсаң. Соның ушын сен руўхый дүньяңды тазала деген идеяны олар елге таратады. Ол арқалы хәммени жаратқан алла таалаға исенимди арттыр-дейди. Солай етип, Аўлия Ата өз хикметлеринде тәлим-тәрбия мәселелерин де суфизм менен байланыстырып шешеди. Ол ушын олар пәкликтиң шәртлерин ислеп шығады. Буған дүньяның жаралыўы, адамзаттың пайда болыўы, пайғамбарлар өмирлеринен мысаллар келтиреди. Булардың барлығын алла таала қылды. Буған тәўбе қыл, адамзатлық хаслыңды сақла,—деген пикирлерди айтады.

Мысалы: Жоқ едик, бизди бар қылды. Пәк жаратты жан берди!
Ҳасыл суўдан бизлерди, дүньяға керекли қылды.
Қол берди мәккам услаўға, аяқ берди жүриўге,
Тамақ берди ишиўге, шүкир қылмақ керекдур!—деп жазады.

Қудайға құллық қылыў менен бирге алла өзи береди деп жата берме! Шүкирлигин жеткерип адам болыўды қарастыр. Рәхәтти мийнет пенен көр?! Алла тааланың жаратқан дүньясын ҳадаллық пенен гүллендириўге талап ет!—деген инсанның алдына талап қояды.

Мысалы: Уйқыны ҳарам қыл бул узын таңда,
Малыңнан зәкат бер, сен хәм бул күнде,
Сонда сен жетерсең хасыл тилекке,
Улың, қызың да илим үйренсин, бер устазға,—деп нәсиятлайды.

Хәким-Атаның «Ақырзаман мухаммасы» деген қыссасы, оны жүдә көп оқып, ойланыўды, ким болса да ондағы пикирлерди түсинип жетиўди талап етеди. Себеби, бул мәселе мусылман дүньясында адамлар арасында узақ ўақытлардан берли хәр қыйлы мазмун хәм мәнисте айтылып киятырған мәселелер. Онда ақырзаман деген не? Ол қандай болады деген пикирлер бар. Мәселен, мениң пикиримше ол ақырзаманды былай тәриплейди. Адамлар ҳадал-ҳарамды айырмай бузылып кетеди. Алымлар да айныйды. Ер, қатын уялмай бузықлыққа бериледи. Дүнья адамларға алла таала инам еткен дүньядан өзгеше түрге енеди. Ал, ақырзаман деген усы! Бул дүньяның, хәтте, пүткил планетаның бузылыўына алып келеди. Ҳақ болып бир алла тааланың өзи қалады. Дүньяны бундай аўхалларға алып келмеў керек, деген идеяларды халық арасында үгит-нәсиятлайды.

Оның бул қосықларында, хикметлеринде, қыссаларында бул дүньяда жасаўдың шәрти адамгершилик пенен жасаў, ҳадаллық, саўап ис қылыў, дослық, меҳир-муҳаббат, қәнәәт, инсап, сабырлылық, пәклик, мийнет қылып жасаўдан ибарат. Булардың барлығы ийман ислам, алла тааланың шарапаты деп билиң деп нәсиятлайды.

XII әсирде бизиң жеримизде жасаған Ҳәким-Ата, Сулайман Бақырғаний бул мийнетлери менен, суфийлик тәлиймәты менен тек бизде ғана емес, ал пүткил мусылман дүньясында даңқлы. Бул уллы даңқлы ойшыл алым бизиң де мийрасларымыздың бири болып есапланады.

*«Еркин Қарақалпақстан» газ.*
*19-сентябрь, 2002-жыл. №114 (17704)*

## ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ ТАРИЙХЫНА ЖӘНЕ БИР НӘЗЕР

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ЮНЕСКО Бас конференциясының 32-сессиясында Хорезм Маъмун академиясының 1000 жыллығын белгилеў бойынша усынысына байланыслы оны 2005-жылы октябрь айында кең түрде белгилеў ушын қарар қабыл етти. Усы қабыл етилген қарар тек Өзбекстан мәмлекети ушын емес, ал пүткил түркий халықларды және де әййемги Хорезм илими ҳәм мәденияты менен байланыстырған дүньядағы барлық халықларды үлкен қуўанышқа бөлейтуғын тарийхый қарар болды.

Бул Хорезм Маъмун академиясының 1000 жыллығын белгилеў дәўиринде биринши гезекте түркий халықлардың, соның ишинде Хорезм цивилизациясында жасаған қарақалпақ халқының илимпән, мәдениятының қандай болғанлығы ҳаққында тарийхый ҳақыйқатлықлардың көп сырлары ашылады. Биз илимпаз сыпатында биринши нәўбетте бул XX әсирдиң ақыры XXI әсирдиң басындағы бизиң халқымыз қолға киргизген ғәрезсиз заманымыздың шарапаты деп түсинемиз.

996-жылы Хорезмде Маъмун академиясының тийкары салынды. Оның биринши басқарыўшысы Беруни болды. Бул X-XI-XII әсирлерде Хорезмде математика, физика, астрономия, химия, география, медицина, тарийх, лингвистика, әдебият, мәдeният ең жоқары раўажланыў дәрежесине жеткеннен дерек береди. Бул дәўирлерде усындай илим, мәдeният гүрлеп турған ўақытларда Қубла Арал бойы қарақалпақлары Хорезм цивилизациясының ошағында жасады. XI-XII әсирлерде қарақалпақлар халық болып қәлиплести, өз мәмлекетшилигине ийе болды. Ҳәтте, айырым шет еллер илимпазларының мийнетлериндеги гейпара дереклерде қарақалпақлар V-VI әсирлерде-ақ өз мәмлекетшилигине ийе болған. VIII-X әсирлерде халық болып қәлиплескен деген мағлыўматлар да бар. Хорезм цивилизациясының бөлинбес бир бөлеги болып қарақалпақлар бул әсирлерде ҳәмме халықлардан да көбирек Хорезм патшалығы менен сиясий, экономикалық ҳәм мәдений жақтан жақсы қатнаста жасайды. Оған қарамастан, қызыл империя заманында қарақалпақлар халықлық процесске XVI әсирдиң ақырларында жетисти, ҳақыйқый халықлық дәрежеге совет ҳүкимети жылларында ерисӣти, бурын қарақалпақлар «көшпели»: «ярым көшпели» халық болған. Сол себепли бул халық саўатсыз, мәдениятсыз болды,—деп түсиндирип келди. Мине, сонша илим, мәдениятқа ийе болған, Хорезм цивилизациясының бөлинбес бир бөлеги болып жасаған қарақалпақларды XX әсирде советлик дәўирде саўатсыз, мәдениятсыз деп түсиндириўи бизге бүгинги күни ҳайран қаларлық жумбақ болып келген еди. Бул қызыл империя заманында бизиң халқымызды кемситиў, зорлыққа көндириў ушын ислеген зулымлықлары екенлиги бүгинги күни аттан анық болып отыр.

Қызыл империя дәўиринде Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақлардың әййемги тарийхын айтыўға болмайтуғын жақлары бар еди. Егер қарақалпақлар IX-XI әсирлерде халықлық процесске жеткен, өз мәмлекетшилигине ийе болған, Хорезм цивилизациясында жасаған халықлардан бири десе, бул тарийх үйренилсе, онда олардың өзлериниң мәдениятсызлығы, зорлық пенен ҳүкимет дүзип, халықлар ҳуқықларын шеклейтуғын империя екенлиги әшкараланып қалатуғын еди. Бул мәселениң бир жағы, екинши тәрепи, егер қарақалпақлар X-XI әсирлерде-ақ халықлық процесске жеткен халық болса, онда ол әййемнен өз тарийхына, тилине, миллий әдебиятына, мәдениятына ийе халық болғанлығы, әййемнен саўатлы, билимдан халық екенлиги билинип қалатуғын еди. Үшиншиден, ең әҳмийетли тәрепи, ол да болса, егер қарақалпақлар X-XII әсирлерде халық болып қәлиплескен болса, ол өз тарийхына ийе болыў менен қатар олардың руўхый байлығы миллет мәдениятының тарийхын көрсететуғын, миллий жазба әдебиятына ийе халық екенлигин көрсетеди. Сол ушын қызыл империя барлық болған тарийхты, мәдениятты бурмалап көрсетиўге урынды.

Қарақалпақ миллий жазба әдебиятының тийкары қарақалпақлар халық болып қәлиплескен X-XI әсирлерден, орта әсирлер дәўирлеринен басланады. Себеби, дүньялық цивилизацияда дүньядағы қайсы халықлар болмасын, ол қәўимлик, урыўлық процесстен өтип халықлық

процесске жеткен болса, олардың халыклық процесске жетиўи, сол халыктың жазба әдебиятының баслы белгилеринен бири деп белгиленеди. Демек, каракалпаклар X-XI әсирде халыклық процесске жеткен болса, каракалпақ миллий жазба әдебиятынын дәслепки дереклери усы дәўирлерден басланады. Онда каракалпақ әдебияты тарийхын да усы әсирлерден баслаў керек болады.

Ҳақыйкаттан да X-XI әсирлерде Хорезмде тәбийий илимлер менен бир катарда лингвистика, әдебият, мәденият, музыка, жүдә жақсы раўажланыўы дәрежесине жетиседи. Хорезмде араб, парсы түрк тиллеринде жазылған көркем мәдeният та жақсы раўажланады. Бул әсирлерде араб, парсы, Иран, Ирак, Палестин еллеринен хәр қыйлы себеплер менен Хорезмге тарийхшы, әдебиятшы алымлар да келип жумыс ислеген. Жүдә көп санда тарийхшы, әдебиятшылар, шайыр-лар,сазенделер сүўретшилер келип жасап дөретиўшилик пенен шуғылланған.

Қаракалпаклар XI-XII-XIII әсирлерге келип Кубла Арал бойларынан баслап Үстирт үсти, Сырдәрьяның Аралға қуяр алабларындағы Жанадәрья, Куўандәрья бойларында, Түркстанда, Уллы Таўда, Едил, Жайық жағаларына дейинги кең аймакта жайылып жасаған.

Орта әсирлердеги бул дәўирлер Хорезм цивилизациясында каракалпаклардың тарийхый, сиясий, экономикалық хәм мәдений мәселелерде жүдә раўажланған жыллары болды. Усы дәўирлерде оның аймағындағы ири мәдeният орайларында: —Кердерде, Үргенитте, (каракалпаклар Гөне Ургениште де жасаған) Қыят калада, Топырак калада, Гүлдирсинде, Сығнакта, Түркистанда хәм т. б. да ири калаларда пүткил дүньяға белгили Кубрайий, Тассаўуф илимлеринин тийкарлары салынады. Қаракалпаклардың калаларында жүдә көп тарийхшылар, әдебиятшы алымлар, шайырлар, сәзенделер жасайды. Олар пүткил түркий халыклар әдебиятының, биринши гезекте каракалпак жазба әдебиятының тийкарын жаратады. Солардан Әбиў Райхан Беруни, Хайдар Хорезмий, ал-Хорезмий, Хожа-Ахмет Яссаўий, Әўлия Бақырғаний хәм молла Шайдайыйлар жасап камалға келген, олар үлкен дөретиўшилик хызметлер ислеген. X әсирден баслап Берунидиң қосыкларында «Мухтар—ул ашъар» (таңламалы косыклар топламы) нда, «Өткен әўладлардан калған естеликлер» китабында, Яссаўийдиң хикметлеринде хәм косыкларында, «Девани хикмет» даналық китап хәм дәстанларында, Әўлия Бақырғаний шығармаларында, Ахмет Югнакийдин «Ҳақыйкатлар сыйлығы» дәстанында, Хорезмийдин лирикалары менен «Мухаббатнама» дәстанларында, Ҳайдар Хорезмийдиң шығармаларында каракалпак миллий жазба әдебиятының дәслепки



шығармалары жаратылған еди. Қызык жери бул каракалпак жазба әдебиятынын дәслепки дереклерин кураған уллы энциклопедис алым шайырларды хәзирге шекемги каракалпак әдебият тарийхы хеш еслеген емес. Бул миллий әдебият тарийхымыз ушын орны толмас кемшиликлерден бири болып келди.

Бул алым шайырлардың дөреткен илимий көркем шығармалары биринши гезекте, өз туўылып өскен жеринин, каракалпаклардың мақтанышы болды. Екиншиден, үлкен тарийхый дәўирлердиң өтиўи менен олардың бул дөретпелери сол дәўирдеги хәмме түркий халықларға ортак идеяларды жырлаўы себепли пүткил түркий халыклардың әдебий, мәдений мийрасы болып калды. Булардың барлығы да Хорезм цивилизациясының орайында турған каракалпаклар жеринде туўылып камалға келеди, Мәселен, Беруни Қыят каласына жақын каракалпақ аўылларының биринде туўылған. Хорезм шахлар сарайында тәрбияланады. Ал-Хорезмий менен Хайдар Хорезмий Қыят калада туўылып камалға келеди. Сулайман Бакырғаний Қоңыратка жақын жердеги Бақырған аўылында туўылып, өсип, ол жерде жасап өткен. Сол әсирлердеги таза каракалпак аўыллары деп аталған Югнак, Сығнак деген каракалпак шәхәринде Югнаки туўылып өсип кемалға келген. Хожа Ахмет Яссаўий Түркстанда туўылып, өмиринше сол жерде жасаған. Молла Шайдайий Кумөзекте (хәзирги Ийшан калада) туўылып камалға келген. Мине булардың барлығы X-XI-XII-XIII әсирлерде каракалпак жеринде туўылып камалға келип, әжайып илимий әдебий шығармалар жазады. Дөретиўши илимий жумыслар алып барды. Сол себепли хәзирги миллий каракалпак жазба әдебиятының сағалары орта әсирлер дәўирлеринен басланады. Олар илимий мийнетлерин, көркем шығармаларының көбисин араб, парсы, ески хорезм, түрк тиллеринде жазады.

Мине усы тарийхый хақыйкатлықты кызыл империя заманларында айттырмады. Бизлерге үлкен жумбақ усы болды. Бул хақыйкатлық, бул тарийх аттан анық болып көринип турған менен булардың миллий жазба әдебиятымыздың сағасында турған бизиң ата-бабаларымыз деп айтыў кыйын еди. Екиншиден, Беруниден баскаларын Хожа-Ахмет Яссаўий, Әўлия Бакырғаний хәм тағы басқалар диний мистик әдебиятының ўәкиллери, үйрениўге болмайтуғын шайырлар деп аталды. Президентимиз И. А. Каримов: Кенес хүкимети заманында тарийхый хақыйкатлықты билиўге, үйрениўге умтылыў куўатланбайтуғын еди. Үстем идеологияға хызмет кылмайтуғын дереклер илажы болғанша халыктын көзинен жасырынып сакланар еди»!— деп дурыс көрсетеди.

Усындай тоталитарлық концепция менен сизлер XVI әсирдиң ақырларында халық болғансыз. Сол себепли миллий әдебиятыныз XVIII-XIX әсирлерден ғана басланады-деп бизлерди кемситип келди. Қарақалпақлардың X-XII әсирлерде-ақ халықлық процесске жеткен халықлардан екенлигин 1930-жылларда П.П Иванов, 1940-жыллары С.П.Толстов, Т.А. Жданколарда айтқан еди. Бул пикирлерди раўажландырыў мүмкин болмады. Усы орыс хәм шет ел илимпазларының пикирлерине қарап XX әсирдиң 50-60-жыллары қарақалпақ миллий жазба әдебиятының сағаларын XIV-XV әсирлерден баслаў керек (Н. Дәўқараев, И. Сағийтов, К. Мәмбетов) деген қарақалпақ әдебияты тарийхында илимпазлар болды. Бирақ, буны мәмлекетлик сиясат қолламады. Қайта қарақалпақ классик әдебияты деп жүрген әдебият жазба әдебиятлық характерге ийе ме, ийе емес пе деп, 1950-жылларда баспа сөзлерде тартыслар болып жүрди.

Ғәрезсизлик дәўиримиз бизлерге ата-бабаларымыз басып өткен үлкен тарийхымызды қайта тиклеўге толық мүмкиншиликлер жаратып берди. Әсиресе, Хорезм Маъмун академиясының 1000 жыллығын белгилеў ҳаққындағы қарар қарақалпақ халқының Орайлық Азияда әййемнен бар, ол түркий халықлар ишинде өз тарийхына, тилине, әдебиятына, мәдениятына ийе халықлардан екенлигин анық көрсетиўге мүмкиншиликлер жаратып береди. Және де XVIII-XIX хәм XX әсирлердеги бай қарақалпақ әдебияты жақында ғана пайда болмай, узақ орта әсирлерден, Хорезм цивилизациясының бөлинбес бир бөлеги сыпатында киятырған үлкен мәдений тәжириийбе, дәстүрлер тийкарында раўажланып жетилискен әдебият, мәдeният екенлиги және бир мәртебе тастыйықланады.

Солай етип, биз қарақалпақ жазба әдебиятының дәслепки дереклеринен, миллий Қарақалпақ әдебият тарийхын XVIII-XIX әсирлерден емес, ал орта әсирлердеги бай тарийхый Хорезм цивилизациясы дәўирлеринен баслаймыз.

*«Еркин Қарақалпақстан» газ.*
*17-май 2005-жыл №58 (18116)*



# ЖУЎМАҚ

## «ҚАРАҚАЛПАҚЛАР БАЙ ТАРИЙХ, БАЙ МӘДЕНИЯТҚА ИЙЕ ХАЛЫҚ»... МИЙМАНЛАР УСЫНДАЙ ПИКИРДЕ КЕТТИ

Қарақалпақ халқының әййемнен киятырған халық дәстаны «Қырық қыз» хәм Түркий тиллес халықлардың фольклорын изертлеў мәселелери бойынша 1997-жылы 10-12-сентябрь күнлери Нөкис қаласында өткерилген халық аралық илимий-теориялық конференцияның салтанаты жер жарды. Бул халық аралық конференциядан көп алдын-ақ елимиздиң әдебиятшы, тилши, тарийхшы илимпазлары, журналистлери тәрепинен баспа сөзде, радио телевидениеде бул үлкен әнжуманның бизиң республикамызда болайын деп атырғанлығы, оның мазмуны хәм мақсетлери ҳаққында халыққа хабарландырып барылды.

Конференцияда «Қырық қыз» хәм Түркий тиллес халықлардың фольклоры», тил илими, және де «Қырық қыз» тарийх, дин, мәдeният мәселелери бойынша 70 тен аслам баянатлар тыңланды хәм талқыланды.

Пленарлық хәм секциялардағы оқылған және де талқыланған баянатлардың ишинде жүдә дыққатқа ылайықлы болғанлары академик С. К. Камаловтың, профессор С. Бахадырованың, филология илимлериниң докторы К. Алламбергеновтың, профессор Ю. Пахратдиновтың, профессор Х. Фиданның, профессор Т. Мырзаевтың, Гюлли Елоглуниң, профессор Исмайыл Бозкурттың, профессор Мустафа Гокчеуғлының, профессор Фикрет Туркменнин, Яшар Кайя Калафаттың, Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы Х. Хамидовтың, филология илимлериниң кандидаты Ш. Әбдинәзимовтың, Тарийх илимлериниң докторы Б. Хошжановтың, профессор М. Медетуллаевтың баянатлары болды.

Бул баянатлардың айрықшалықлары сонда, сырт ел илимпазлары менен бирликте үш күн даўамында «Қырық қыз» дәстаны хәр тәреплеме талқыланды, дослық характерде илимий еркин пикир алысыўлар болды. «Қырық қыз» дәстанының қарақалпақ халқының әййем заманлардан берги өз ишинде сақланып, жырланып киятырған үлкен әдебий, мәдений халық естелиги екенлиги және бир мәртебе дәлилленди. Дәстандағы барлық халықлық үрп-әдетлер, психология, характерлер, тил заңлылықлары басқа түркий халықларда қайталанбайтуғын, тек қарақалпақ халқына ғана тән процесс екенлиги халық аралық илимий пикирлер менен тастыйықланды.

Шет елли мийманларға конференция даўамында қарақалпақлардың тәбияты, үрп-әдети, салт-санасы менен таныстырыўға, көрсетиўге бизиң илимпазларымыз да көп күш салды. Буған бизиң Республикамыздың Жоқарғы Кеңеси, хүкимет басшылары да көп жәрдем етти.

Бул конференцияда болған илимий пикирлерди тастыйықлаўшы бир қызық ўақыя хаққында айтпақшымыз: Халық аралық конференцияның екинши күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы Бахтияр Әбдикамалов, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары Әжинияз Тәжибаевлардың басшылығында сырт елли илимпаз мийманларға хәзирги сақланып турған тарийхый естеликлерди: Төк Таўы, Топырақ қала, Қырық қыз қала, Думан қала, Гүлдирсин қалаларды көрсетиў шөлкемлестирилди. Үлкен шет елли алымлар менен бизиң Республикамыздағы илимпазлардан профессорлар С. Баҳадырова, Ә. Пахратдинов, Ю. Пахратдиновлар, филолология илимлериниң докторы К. Алламбергенов ӨзР ИА хабаршы ағзасы Х. Хамидов бирге жүрди. Олар биринши Ток-Таўына, соң Елликқала аймағында Топырақ қала хәм Гүлдирсин қалаларына барды. Топрақ қала естелигиниң үстине мингенде мийманларда үлкен тәсир пайда болды.

Оларды бул естеликтиң тарийхы, ол ҳаққында қосық, ертек, әпсаналар қызықтырды. Хәр бир ески қалаға жеткенде усындай үлкен қызғын гүрриңлер, жазыў жүргизиў, сүўретке түсиўлер, оларды толық көз бенен көрип дөгерегин айланып шығыў мәселелери болды. Гүлдирсинде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы Б. Әбдикамалов шет елли мийманларға Гүлдирсин ҳаққында әпсананы айтып берди. Ол мийманларды ҳайран қалдырды. Усы тарийхый сапарда бизлерге Измирдеги Түрк дүньясын изертлеў бойынша илим-изертлеў институтының директоры профессор Фикрет Түркмен «Сизиң аймағыңызда жүдә көп тарийхый естеликлер жатыр екен. Бул үлкен тарийх. Бул үлкен байлық. Бул қарақалпақлардың түркий халықлар ишинде әйййемги халықлардан екенлигин көрсетеди. Әлбетте, Хорезм цивилизациясы дүньядағы дәслепки илим хәм мәденияттың үлкен ошақларынан бири. Бундай мәканда жасаған қарақалпақлардың жүдә зор тарийхқа, зор мәдениятқа ийе халық екенлигине хеш ким гүманланбайды. Әлбетте бундай мәканларда «Қырық қыз дай» дәстанлар дөрейди. Еле елде оннан да қызық, оннан да зор дәстанлар табылыўы мүмкин. Фольклор бул шексиз океан. Оны жыйнап болдық деўге болмайды. Мәселен: сизлердиң «Қырық қыз» дәстаныңыз әлбетте жүдә ески дәстан. Өйткени усы жерлер онда толық сәўлеленген деп ол йошып сөйледи. Және де алым буннан да басқа көплеген өз пикирлерин билдирди.



Анкара университетиниң алымы, доктор Яшар Кайя Калафат бул тарийхый естеликлерди көрип, хайран қалып:—«Булар гөне, қалған естеликлер емес, бул бир жатқан үлкен жанлы тарийх ғой! Бул бурынғы мәденият ошағы, үлкен илим, үлкен оргиналь билим жатыр» —деди. Олар еллерине барыў менен өз жумыс ислейтуғын жәмәәтлерине, пүткил халқына әжайып тарийхқа, мәдениятқа, әдебиятқа ийе халықты көргенликлерин, ол хаққында баспа сөзлеринде жазатуғынлықларын айтысты.

Елликқала, Беруни районларының аймақларында бул районның халқы мийманларды хәмме жерлерде нан, дуз бенен жақсы қабыл етти. Шет елли қонақлар қарақалпақ елиниң миймандослығына хайран қалды. Биз халық аралық форумның үшинши, төртинши күнлери шет елли мийманларды өз еллерине узаттық. Олар кетеринде 1997-жылдың 10-12 сентябрь күнлери Нөкис қаласында болып өткен «Қарақалпақ халық дәстаны» «Қырық қыз» хәм Түркий халықлардың фольклорын изертлеў мәселелерине арналған конференцияның өзлеринде үлкен тәсир қалдырғанлықларын айтып бизлер менен хошласты.

*«Еркин Қарақалпақстан»*
*газетасы, 5-октябрь 1997-жыл*
*№120 (16939)*

## МАЗМУНЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНЫҢ САҒАЛАРЫ .......... 3

ТАРИЙХ БИЗИҢ ТӘҒДИРИМИЗДИҢ АЙНАСЫ .......... 7

ОРАЙЛЫҚ АЗИЯДА ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ӘЙЙЕМНЕН САЎАТЛЫ БИЛИМДАН ҲӘМ МӘДЕНИЯТЛЫ ХАЛЫҚ БОЛҒАН .......... 11

ҚАРАҚАЛПАҚ МИЛЛИЙ ЖАЗБА ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ДӘСЛЕПКИ ДЕРЕКЛЕРИ ОРТА ӘСИРДЕГИ БЕРУНИ ДӘЎИРЛЕРИНЕН БАСЛАНАДЫ .......... 22

АЛ ХОРЕЗМИЙ ОРТА ӘСИРЛЕРДЕ ҚАРАҚАЛПАҚ ЖАЗБА ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ТИЙКАРЫН САЛҒАН ШАЙЫРЛАРДАН БИРИ .......... 28

СУЛАЙМАН БАҚЫРҒАНИЙ БИЗИҢ РУЎХЫЙ МИЙРАСЫМЫЗДЫҢ ДЕРЕКЛЕРИ .......... 33

ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ ТАРИЙХЫНА ЖӘНЕ БИР НӘЗЕР .......... 38

ЖУЎМАҚ .......... 43



ӘБДИСАЙЫТ ПАХРАТДИНОВ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ ТАРИЙХЫНЫҢ МӘСЕЛЕЛЕРИ

*(Методикалық қолланба)*

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—2010*

Бас редакторы — *Рашид Аббазов*
Редактор — *Гүлистан Пирназарова*
Художниги — *Азамат Жаримбетов*

Териўге берилген ўақты 12.09.2010. Басыўға руксат етилген ўақты 22.12.2010. Қағаз форматы 60x84$^{1}/_{16}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы—«Times». Көлеми 3,0 б/т, 2,79 шәртли б/т, 2,65 есап б/т. Жәми 1000 нускада.
Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа № 416.

«Қарақалпақстан» баспасы: 742000,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9

Ташкент қаласы. ДП «NİSO POLİGRAF»
типографиясында басылды